

**BIWO CHERIF NAN PALM BEACH COUNTY
DEPATMAN KOREKSYON**

**PRIZONYE
RÈG AK RÈGLEMAN**



Se pou ou manyèl sa a sou règ prizon an. Ou responsab manyèl sa a e fòk ou remèt li yon fwa yo lage w. W ap gen pou kenbe manyèl la ak ou si w ta gen yon transfè nan yon lòt prizon PBSO. Y ap kenbe w responsab si w dezobeyi règ sa yo.

PBSO #0307

A.	ÒGANIZASYON	4
A-1.	OBJEKTIF	4
A-2.	PRIZON	4
B.	SANITASYON AK IJYÈN	4
B-1.	ABITASYON	4
B-2.	IJYÈN PÈSONÈL	5
B-3.	SÈVIS SWEN CHEVE	6
C.	PWOPRIYETE AK KOURYE PRIZONYE	7
C-1.	ZAFÈ PÈSONÈL PRIZONYE YO	7
C-2.	ATIK PÈSONÈL OU KA KENBE AK OU	7
C-3.	LAJAN LIKID	8
C-4.	KOURYE	9
D.	REKLAMASYON AK ZAFÈ JIDISYÈ	11
D-1.	AVOKA AK DEFANS PIBLIK	11
D-2.	KOURYE PRIVILEJYE	12
D-3.	SÈVIS NOTÈ	12
D-4.	PWOSESIS REKLAMASYON	12
D-5.	RESTORE DWA SIVIL	13
E.	SEKIRITE AK KONTWÒL	13
E-1.	KLASIFIKASYON	13
E-2.	BRASLÈ IDANTIFIKASYON	14
E-3.	PREZANS	14
E-4.	KONTREBANN	14
E-5.	FOUY	15
E-6.	DEPATMAN CHEN	15
E-7.	LOJMAN AK SIPÈVIZYON DIRÈK	15
E-8.	LOJMAN AK DIREKSYON ESPESYAL	16
E-9.	KÒD VESTIMANTÈ	17
F.	PWOSESIS NAN SITIYASYON IJAN	18
F-1.	SEKIRITE DIFE	18
F-2.	EGZÈSIS EVAKYASYON	18
F-3.	RÈGLEMEN SOU FIMEN	18
G.	GRAM AK SÈVIS	18
G-1.	FÒMILÈ DEMANN POU PRIZONYE	18
G-2.	PRIZONYE AK ENFIMITE	18
G-3.	SÈVIS MEDIKAL, DAN AK NOURITI AK SWEN MANTAL	19
G-4.	SÈVIS REPA	21
G-5.	KONSÈY AK SÈVIS RELIJYON	21
G-6.	VIZIT	21
G-7.	REKREYASYON	22
G-8.	TELEFÒN	22
G-9.	TELEVIZYON	23

G-10.	KANTIN	23
G-11.	BIBLIYOTÈK POU LEKTI	24
G-12.	BIBLIYOTÈK LEGAL	24
G-13.	KONSÈY POU LÈ YO LAGE W	24
G-14.	PWOGRAM EDIKASYON	24
G-15.	SWEN TIMOUN AK PLANIN (SÈLMAN POU PRIZONYE FI)	25
G-16.	PWOGRAM TRAVAY	25
G-17.	MARYAJ	25
G-18.	LANMÒ YON FANMI	25
G-19.	NOTIFIKASYON YON PARAN PWÒCH	26
G-20.	FRÈ PRIZONYE PEYE POU VIV AK PWOSIS	26
G-21.	MOUVMAN PRIZONYE	26
G-22.	GWOUPE POU EDE TÈT OU	26
G-23.	PWOGRAM POU MOUN K AP VOTE	26
G-24.	PWOGRAM KAT OTOBIS	26
G-25.	METRIZE KÒLÈ	27
G-26.	PWOGRAM SEKIRITE SOSYAL	27
G-27.	KAT DIDANDITE POU ANTRE ANKÒ NAN KOMINOTE A	27
G-28.	KREDI POU AMANN AK FRÈ	27
H.	DISIPLIN AK KONPÒTMAN PRIZONYE	27
H-1.	KONPÒTMAN	27
H-2.	REGLÈMAN	27
H-3.	RAPÒ DISIPLINÈ, IJMAN, SAKSYON AK PWOSIS	30
I.	ENFÒMASYON SOU ATAK SEKSYÈL	38
I-1.	ATAK SEKSYÈL	38
I-2.	POU EVITE YON ATAK SEKSYÈL	38
I-3.	KISA POU FÈ SI YON MOUN VYOLE W	39
I-4.	ENFÒMASYON POU PRIZONYE KI VYOLE LÒT PRIZONYE	40
I-5.	SI W GEN PWOBLEM KONTWOLE AKSYON W YO	40
I-6.	POU REDYI SANTIMAN KOLÈ OUBYEN AGRESYON IMEDYA	40
I-7.	ÈSKE W KONNEN	40
J.	PA FÒ NAN ANGLÈ	41
J-1.	RÈGLEMAN SOU MOUN KI PA FÒ NAN ANGLÈ (LEP)	41

A. ÒGANIZASYON

A-1. OBJEKTIF

Ojektif biwo depatman koreksyon pou sherif konte Palm Beach se ofri yon anviwònman san danje epi ki gen sekirite pou anplwaye ak prizonye nou yo ki vle di garanti gen lòd nan isit la tout tan. Fonksyon depatman depatman ofri kominote a ak sitwayen Palm Beach County sipò dirèk lè yo ofri sèvis koreksyon san danje, efikas epi konpetan nan sipò objektif pou prizonye yo gen yon retou viktorye epi pwodiktif nan sosyete a.

A-2. PRIZON

Biwo cherif nan Palm Beach County dirije de (2) prizon nan konte a. Twa prizon sa yo, se :

SANT PRIZON PRENSIPAL

3228 Gun Club Road
West Palm Beach, Florida

SANT PRIZON LWÈS

38811 James Wheeler Way
Belle Glade, Florida

NOTE BYEN : Se adrès kote prizon yo ye men se pa adrès kote pou voye kourye.

B. SANITASYON AK IJYÈN

B-1. ABITASYON

Selil oswa dòmitwa kote yo mete w la se li yo rele lojman w. Y ap ba w ekipman netwayaj pou w ka kenbe lojman w. Depite responsab pou selil oswa dòmitwa a ap enspekte li chak chanjman anplwaye, men omwen yon fwa pa jou. Lojman ki pa sanitè ap blije resevwa aksyon disiplin.

- Se oumenm ki responsab pou kabann pa w lan toujou ranje lè se pa lè pou dòmi.
- Nou founi kouvèti ak dra pou rezon sa a. Li entèdi pou sèvi ak yo pou fè hamak, kouvri pòt epi rido.
- Fò pa janm bloke limyè ak fenèt. Nou pa otorize w mete materyèl sou limyè oswa sou fenèt.
- Fòk ou kenbe planche lojman w lan pwòp, chèch epi san oken sibstans danjre atè a.
- Fòk poubèl ak fatra jete epi netwaye omwen yon fwa pa jou.
- Ou pa gen dwa mete okenn bagay ni nan bawo ni ant bawo selil yo.
- Mi yo dwe pa gen anyen sou yo. Li entèdi pou defigire mi yo.
- Fòk twalèt, irinwa, douch ak lavabo netwaye omwen yon fwa pa jou.

- Fenèt, rebò fenèt ak paravan yo fèt pou yo toujou pwòp e nan bon kondisyon.
- Ou pa ka sere manje yo sèvi w sou plato pou ka manje yo pi ta. Se sèl bagay w achte nan kantin lan ke w ka kenbe nan lojman pèsònèl ou a.
- Kite depite lojman lan konnen si w gen pwoblèm antretyen, tankou plonbri oswa limyè ki pa mache pou l ka repare yo.

B-2. IJYÈN PÈSONÈL

Se responsablite chak prizonnye pou antreteni ijyèn tèt pa li. Se pou sa gen douch ak watè nan inite lojman pèsònèl yo. W ap gen opòtinite pran yon douch chak jou.

Yon fwa yon prizonnye admèt nan inite lojman yo, lap resevwa yon bwòsadan, patdantifris, savon ak atik douch. Ou ka mande yon twous endijan nan men founisè kantin nou an depi w ranpli seksyon endijan an sou yon papyè kòmman kantin lan katòz (14) jou apre w antre epi chak semèn apresya. Twous endijan ou an ap delivre jou ki tabli pou kantin nan inite kote w ye a. Twous la gen :

- Premye semèn – bwòsadan, patdantifris, chanpwen, deyodoran, kreyon, 1 anvlòp ak tenm sou li
- Dezyèm semèn – patdantifris, kreyon, 1 anvlòp ak tenm sou li
- Twazyèm semèn – patdantifris, deyodoran, chanpou, kreyon, 1 anvlòp ak tenm sou li
- Katriyèm semèn – patdantifris, kreyon, 1 anvlòp ak tenm sou li

Peryòd katriyèm (4) semèn lan, ki make anlè a, se yon woulman kap kontinye.

Ou kapab achte atik sa yo nan magazen prizon an, si gen lajan disponib nan kont ou.

W ap resevwa saouan nan inite lojman ou an oubyen ou ka achte sa oumenm pèsònèlman nan kantin inite w lan. Papyè pou ekri disponib nan menm depite inite lojman kote w ye a. Si w se endijan pou katòz (14) jou soti nan lè ou plen fòmalitye pou admisyon an ou ka mande pou rad endijan lè sa a epi ankò chak si (6) mwa apre sa, si ou kalifye, ak yon limit 2 chak ane san okenn limit nan tan wap pase nan prizon an. Twous sa yo genyen:

Gason

2 chemizèt
2 slip
2 pè chosèt
* 1 chanday

Fi

2 soutyen
2 kilòt
2 pè chosèt
* 1 chanday

* Gason ak fi resevwa 1 chanday chak de (2) zan, si yo kalifye, san okenn limit nan tan wap pase nan prizon an.

Roulo fil dantè Dantè yo pral disponib pou prizonnye endijan sou demann.

Si lè w antre nan prizon an ou pa gen kalson/kilòt, seksyon pwopriyete a ap ba w yon kalson/kilòt. Yon fwa w plase nan yon depatman lòjman epi w rete endijan, w ap resevwa pake souvètman ki make anlè a infwa ou ranpli dokiman pou demann souvètman endijan an.

Si lè w antre nan prizon an ou pa gen kalson/kilòt, seksyon pwopriyete a ap ba w yon kalson/kilòt. Yon fwa w plase nan yon depatman lòjman epi w rete endijan, w ap resevwa pake souvètman ki make anlè a infwa ou ranpli dokiman pou demann souvètman endijan an.

W ap resevwa yon inifòm kap lave oubyen chanje pou rad pwòp omwen de fwa chak semèn.

Se oumenm ki responsab pou tout kouvèti kabann ak inifòm ou resevwa. Kouvèti kabann ak/oubyen inifòm ki domaje epi/oubyen modifye ap lakòz aksyon disiplinè.

Prizonnye ki fanm ap resevwa atik ijyenik ki nesèsè.

W ap gen libète pran swen tèt ou jan ou vle, eksepte si gen enterè ki otreman ta jistifye. Jistifikasyon sa yo, jan yon chèf divizyon oubyen reprezantan detèminen sa, ka gen ladan li kondisyon sou sekirite, idantifikasyon ak swen ijyenik.

Pou pa gen chans trape enfeksyon :

- Lajounen, sèvi ak dlo epi ak savon pou lave men w plizyè fwa, sitou depi w pipi epi watè epi anvan w manje.
- Pa janm manyen blesi lòt moun, po enfekte lòt moun, oubyen pansman sal lòt moun.
- Antreteni yon bon ijyèn pèsònèl kifè douche regilyèman epi benbe kote dòmi a pwòp, epi lave dra kabann ou regilyèman.
- Pa pataje ak lòt moun atik swen ijyenik ou yo, tankou atik twalèt ak sèvyèt.
- Netwaye aparèy pou bat fè anvan kontak dirèk ak kò w oubyen itilize pwoteksyon pwòp tankou yon sèvyèt oubyen yon chemiz pou pwoteksyon pò w ak ekipman egzèsis yo.
- Douche depi li posib apre patisipasyon nan aktivite espò kote w vin an kontak pwòch ak lòt moun.
- Pa mete tatou lè w nan prizon, itilize dwòg nan piki, oubyen kontak seksyèl ak lòt prizonnye yo.
- Kouvri tout blesi oubyen po ki koupe epi mande pou wè ak doktè.

B-3. SÈVIS SWEN CHEVE

W ap jwenn sizo pou cheve ak zong nan men depite inite lojman kote w ye a. Yon fwa w fini sèvi ak aparèy la ou dwe pou netwaye li byen pwòp epi tounen li bay depite responsab lojman w lan. Tout prizonnye k ap koupe cheve gen pou espre sizo a ak yon dezenfektan apre chak fwa w sèvi ak li. **PA GEN EKSEPSYON!**

C. PWOPRIYETE AK KOURYE PRIZONYE

C-1. ZAFÈ PÈSONÈL PRIZONYE YO

Lè w te antre nan prizon an, yo te ekri zafè pèsònèl ou nan yon fòmilè ki rele RESI POU ZAFÈ PÈSONÈL PRIZONYE A. Ou te resevwa yon kopi – KENBE RESI SA A.

Li posib pou yo te pran zafè pèsònèl ou lè yo te arete w lan pou mete zafè pèsònèl sa nan evidans. Lapolis ki te arete w la gen pou li ba w yon resi ki reprezante yon prèv. Nou pa ka resevwa zafè pèsònèl ou yo pou ou.

Chak zafè pèsònèl tankou rad, ki otorize pou yo kenbe yo, ap dokimante sou resi zafè pèsònèl nan prizon an e w ap ka kenbe yo ak ou.

C-2. ATIK PÈSONÈL OU KA KENBE AK OU

Sèl zafè ki distribye obyen ke Administrasyon prizon yo otorize ak nenpòt bagay ki otorize oubyen ki achte nan kantin lan, jis nan maksimòm ki make pi devan an, ap pèmèt nan departman lojman ou an, amwenske Chèf divizyon deside lòt yon lòt bagay.

- (2) Pè chosi ki distribye (klòg ak bòt travay pou prizonnye)
- (1) Pè chosi pèsònèl (ki sèlman achte nan kantin lan)
- (1) Pè sapat pou douch
- (4) Pè chosèt
- (4) T-shirt
- (4) Pè nenpòt ki souvètman
- (1) Pè echòt pou espò
- (2) Soutyen san baz metal (sèlman pou fi)
- (2) Swètchèt
- (1) P.B.S.O. Inifòm ki distribye
- (1) Peny (piti/plastik, san manch)
- (1) Bwòs (piti/plastik, san manch)
- (2) Chak atik ijyènn (youn k ap sèvi epi yon nèf): Deyodoran, chanpyen, patdantifris, bwòsadan, elatriye.
- (1) Pè linèt/lantiy ka gen yon dezyèm pè linèt pou lekti ki disponib sèl swa nan men doktè oswa ki achte nan kantin lan. Ka gen yon preskripsyon pou lantiy kontak, sèl ak otorizasyon medikal.
- (3) Jwèt (domino, jwèt echèk, jwèt dam oubyen jwèt kat)
- (4) Liv (tankou liv sou relijyon)
- (2) Jounal
- (3) Foto fanmi (men pa foto Polaroid)
- (1) Kanè dadrès (san relyi metal)
- (3) Plim
- (24) Kreyon koulè
- (1) Tapi pou priye oubyen sèvyèt siplemantè ke pastè a aksepte
- (2) Pakè oubyen resipyan chak kantin medikaman ki vann san preskripsyon

- *** Medikaman ke Medicaid otorize
- *** Bouton oswa braslè Medical alert
- *** Soutyen, pansman, baton, bekiy, elatriye, ke Medicaid otorize

Tout bagay anplisde kantite sa yo oubyen tout bagay ki modifiye oubyen pa byen itilize ap konfiske pou kontrebann e y ap jete.

NOTE BYEN : Tout T-Shirt, swèchèt ak pantalon jimnastik fèt pou tou blan oubyen tou gri san OKENN ekriti, pòch, logo, kagoul ak zip.

Pou idantifye bagay pèsònèl ou, ekri non w ak nimewo kaz ou anndan kòl oubyen senti tout zafè w yo.

NOTE BYEN : N ap mete tout lòt bagay ou yo nan konpatman bagay pèsònèl ou. Ou ka fè yon deman pou bagay pèsònèl ou ta renmen kenbe nan lojman w lan. Seksyon zafè pèsònèl la ap egzaminen demann w lan e se afon li va fouye zafè pèsònèl ki otorize. N ap aksepte yon sèl demann pou zafè pèsònèl ki nan konpatman prizonye ou.

C-3. LAJAN LIKID

Tout lajan ou pote nan prizon an oswa lajan moun voye pou ou ap kenbe nan yon kont pou prizonye.

Biwo finans / zafè pèsònèl ap ouvri yon kont pou ou. Tout depo ak retrè (frè pou viv, acha nan kantin ak transfè bay moun andeyò) make nan òdinatè pou ka gen yon dosye pèmanan disponib.

Tout lajan yo te pran nan men w lè yo te arete w, ki te reprezante prèv, ap rete nan men ajans lan ki te arete w. Nou pa ka resevwa lajan sa a pou ou.

Li entèdi pou fè transfè lajan ak bagay ki gen valè ant prizonye yo e y ap konsidere tankou kontrebann. Nou pa remèt ou zafè kontrebann.

Nou p ap janm aksepte okenn lajan pou ou, sofsi lajan an rive nan yon metòd ki otorize.

Metòd apwouve yo enkli: sèvis lapòs, Cobra Cashier Kiosk ak GovPayNow.

SÈVIS LAPÒS: Lajan ke w resevwa atravè sèvis lapòs dwe nan fòm yon money order oswa yon chèk gouvènman. Nou pa aksepte chèk pèsònèl oswa chèk biznis. Nou pa chanje lajan, money order ak retrè sòti nan peyi etranje. Nap refize tout lajan nan kalite sa a e nap retounen yo bay moun ki voye l la. Nou selman chanje lajan U.S., money order oswa chèk ki soti pa bò isit, leta ak gouvènman federal la. Fanmi w ak zanmi w pa ta dwe voye lajan kach pa lapòs la. Nou pap responsab anyen si lajan yo ta voye pa lapòs la ta rive pèdi.

COBRA CASHIER KIOSK – Kiyòk yo nan tout salon vizitè yo. Sant Videyo Vizitasyon an aksesib sèlman pandan lè visit yo (11:00 am rive nan 9:00 pm Jedi jouk Dimanch). Prensipal Sant Detansyon an ak Sant Detansyon Lwès la aksesib ven-katredtan sou ven-kat, sèt jou sou sèt. Aparèy lan ap aksepte kach, kat kredi ak kat debi. Sistèm sa a fè depo imedya lajan an nan kont prizonye a san okenn pèt detan pandan jou konje epi nan wikenn kifè lajan an ap pare pou acha nan kominsè a. Tout depo lajan ap gen dediksyon lajan prizonye a dwe prizon an.

SÈVIS GOVPAYNOW - Sèvis sa a pèmèt moun voye ba w nan prizon an yon depo lajan depi nenpòt ki kote nan peyi a nan lespas detwa minit pou itilize pou achte zafè komisyon. Sèvis sa a disponib nan www.GovPayNow.com oubyen nan telefòn nan 888-277-2535. Sèvis lan aksepte kach, kat kredi ak kat debi.

Tout depo lajan ap gen dediksyon lajan prizonye a dwe prizon an (SAN PA BLIYE LAJAN POU GARANTI).

- Kòd 5500 pou lokal peman
- Se pou fanmi ak zanmi konnen NIMEWO JACKET prizonye a ak TOUT NON LI SÈVI NAN PRIZON AN
- Lokal (Florida – WPB - Biwo cherif nan Palm Beach County)
- Depo ka fèt 24 sou 24, 7 jou sou 7

GOVPAYNET – Sèvis sa a pèmèt yon moun peye yon GARANTI adistans dé nenpòt kote nan peyi a. Sèvis sa a disponib nan www.GovPayNow.com oswa pa telefòn nan 877-392-2455.

- Kòd peman Prensipal Sant Detansyon an sé 7020
- Kòd peman Sant Detansyon Lwès la sé 7021
- Fanmi ak zanmi fèt pou konnen NIMEWO JACKET prizonye a, NON KONPLÈ LÈ YO TÉ ARETE LI, NIMEWO ANREJISTREMAN LI, AK KANTITE EGZAK LAJAN PEMAN GARANTI A.

Lajann kontrebann ap gen menm konsekans ak tout lòt kontrebann ki jwenn sou yon prizonye. N ap ranpli yon resi pou prèv epi n ap remèt li bay yon anketè prizon pou akizasyon kriminèl epi pou alenasyon kriminèl ki posib.

C-4. KOURYE

Ou gen dwa ekri kantite lèt ou vle ekri. Nou ankouraje w ekri zanmi w ak fanmi w. Pape pou ekri disponib nan menm depite lojman kote w ye a. Prizonye malere ki echanje pape yo gen pou ekri lèt, anvlòp yo oswa tenb yo pou lòt bagay, oswa ki abize privilèj korespondans sa yo resewa e ke prizon an peye ap viktim aksyon disiplinè. Anvlòp ki prale andeyò isit peyi Etazini gen pou l pase nan lapòs prizon an pou distribisyon. SI NON W, NIMEWO SELIL OU AK NIMEWO JACKET OU PA SOU ANVLÒP LA, NAP POTE LÈT LA BA OU POU KORIJÉ LI.

Tout lèt ki ekri pou ale andeyò prizon an ap louvri pou enspeksyon.

Anvan ke lèt ki va distribye andeyò prizon delivre nan lapòs, n ap mete yon so sou lèt sa yo ki di :

ATANSYON : SE YON MOUN NAN PRIZON PALM BEACH COUNTY KI VOYE LÈT SA A. LÈT PRIZONYE YO EKRI PA KONTWOLE. CHERIF LA PA RESPONSAB POU SA KI EKRI NAN LÈT LA.

Pou anpeche gen reta nan livrezon kourye, se pou bay moun ou yo bon adrès pou prizon kote ou ye a. Adrès yo make la :

Main Detention Center
KI JAN PRIZONYE AN RELE _____
CELL # _____ JACKET # _____
P.O. Box 1450
West Palm Beach, Florida 33416

West Detention Center
KI JAN PRIZONYE AN RELE _____
CELL # _____ JACKET # _____
P.O. Box 24716
Belle Glade, Florida 33430

SI NON W, NIMEWO SELIL OU AK NIMEWO JACKET OU PA SOU ANVLÒP LA, N AP VOYE TOUNEN KAT POSTAL LA BAY MOUN KI VOYE KAT POSTAL LA. Nou ka voye kourye tounen tou si nou lage w oswa si w gen yon transfè nan yon lòt prizon. Tout kourye nou resevwa, eksepte kourye jidisyè ak lòt kourye espesyal ki apwouve, dwe sou fòm kat postal.

- A. Kalite kat postal n ap aksepte :
1. Kat postal yo pa dwe pi piti pase 3.5 pous pa 5 pous
 2. Kat postal yo pa dwe pi gran pase 4.25 pous pa 6 pous
 3. Kat postal yo dwe yon sèl koulè - san foto, desen ak liy sou yo
 4. Moun ki voye kat postal dwe ekri alamen oubyen sou òdinatè swa avèk ank ble owa avèk ank nwa

- B. Kalite kat postal ki pa aksepte :
1. Depaman
 2. Plastik oubyen anbalaj sou kat postal yo
 3. Kat postal ki gen mak penti, kreyon oubyen makè
 4. Kat postal ki gen etikèt oubyen otokolan sou yo
 5. Kat postal ki gen tach dlo oubyen lò tach sou yo
 6. Kat postal ki gen nenpòt danje byoloji, tankou pafen ak woujalèv

7. Kat postal ki gen foto moun toutouni, zam epi enfòmasyon sou gang
8. Kat postal ki gwo

Li posib pou voye lajan pou prizonnye a nan yon anvlòp e se pou mete adrès prizon an sou anvlòp la e se pou make tou non ak nimewo jakèt prizonnye a. LAJAN LIKID PA PA AKSEPTE. Tout korespondans tankou chèk, money order ak lòt kourye ki otorize, pa p delivre bay prizonnye a. Se pou lajan an nan youn nan fòm sa yo:

- Money orders
- Chèk ajans gouvènman voye
- Chèk prizon ak kazèn prive voye epi ki peye an dola ameriken

Egzanp bagay ki kenbe :

- Enfòmasyon pou fabrike eksplozif, dwòg ak lòt sibstans ilegal
- Materyèl ki pwomouvwa vyolans nan prizon an
- Materyèl ki koze vyolans oubyen lòt gwo pwoblèm nan sekirite prizon an
- Materyèl ki pwomouvwa diskriminasyon poutèt ras, relijyon oubyen poutèt nasyonalite
- Materyèl ki ankouraje konpòtman seksyèl ki konpòtman kriminel epi/oubyen ki gen enfraksyon règleman prizon an

Ou ka sèlman resevwa liv bwoche, jounal epi/oubyen enprimri ke konpayi edisyon an distribye.

VisMail – Imel : Ou ka resevwa imel nan adrès imel ki dokimante nan dosye nou yo. Moun k ap voye imel ba ou fèt pou l dokimante nan sistèm vizitè sa a <https://jailvisit.pbso.org>. Sèvis sa a se yon sèvis imel sans inik ki aksepte imel k ap menm distribisyon ak lòt ou resevwa pa lapòs. Moun k ap ekri imel la gen pou l achte tenm vityèl nan sistèm vizitè ki make la a. Konnen nou gen dwa pou li imel yo.

D. REKLAMASYON AK ZAFÈ JIDISYÈ

D-1. AVOKA AK DEFANS PIBLIK

Si w ta bezwen antre an kontak ak Public Defender's Office (biwo defans piblik), ou ka swa ekri yo oswa rele yo :

East Coast Region:

Biwo defans piblik

421 3rd Street

West Palm Beach, Florida 33401

Telefòn: (561) 355-7500

Belle Glade Region:

Biwo defans piblik
2976 State Road #15
Belle Glade, Florida 33430
Telefòn: (561) 996-4880

Pa mande okenn anplwaye prizon an rekòmande w yon avoka poutèt li entèdi pou nou fè sa. Ou ka rele oswa ekri ajans sa a pou ede l jwenn yon avoka :

Lawyer Referral Service of the Palm Beaches
County Bar Association
1601 Belvedere Rd.
West Palm Beach, Florida 33406
Phone: (561) 687-3266

Nou gen sal konsiltasyon prive isit la nan prizon an kote w ka diskite ka w lan ak avoka w lan.

D-2. KOURYE PRIVILEJYE

Kourye privilejye vle di kourye avoka w lan, yon tribinal oswa ofisye sèvis piblik ekri w. Kourye privilejye ap louvri devan w amwenske ou ekri yon lèt pou di li pa nesèsè.

Nou p ap ouvri kouryeprivilejye ke oumenm ekri, men nou ka kenbe kourye privilejye pandan yon sèten tan rezonab, ki p ap plis pase swasantdouz (72) è, pou n verifye moun oswa adrès ajans lan ki sou anvlòp la.

D-3. SÈVIS NOTÈ

Ou gen sèvis notè disponib pou ou nan men sèjan lojman ou an. Sèvi ak fòmilè demann prizonye a pou fè yon demann pou li.

D-4. PWOSESIS REKLAMASYON

Si w gen yon plent ou ta renmen pote, kite depite lojman w lan konn sa. Si depite a pa ka rezoud pwoblèm lan, alò, lè sa a, kite sèjan oswa lyetnan desèvis la konn sa. Si w fè machasyiv sa yo san ke pwoblèm lan rezoud, gen yon pwosis reklamasyon nan prizon an pou rezoud plent prizonye yo. Fòmilè reklamasyon disponib nan menm depite lojman kote w ye a.

Yon fwa w resevwa fòmilè reklamasyon an, ekri yon deskripsyon plent ou an nan seksyon rezève pou li. Eksplike pwoblèm lan, dat ou te gen pwoblèm lan, ak kijan anplwaye an rele (si genyen) ki enplike tou. Epitou, ekri non tout anplwaye ou te kontakte pou eseye rezoud pwoblèm lan. Remèt plen lan nan lespas sèt (7) jou apre dat pwoblèm lan, sòsi li enposib pou fè nan pandan peryòd sa a. W ap resevwa yon repons pou plent ou pote a nan lespas kenz (15) jou. Repons lan ap baze sou enfòmasyon baze espesyalman sou plent ou pote a. Reklamasyon prizonye yo p ap trete si nou detèminen ke yo : (1) frivòl, (2) egsesif oswa repetitif, (3) te reponn anvan, oubyen (4) te mal ranpli nan fòmilè a.

Si w pa kontan ak repons lan, ou gen senk (5) jou apre w resevwa repons lan pou w fè yon apèl a kòmandan divizyon an. Kòmandan disvizyon an ap gen sèt (7) jou pou li reponn apèl ou a. Si w pa kontan ak repons kòmandan an, ou gen senk (5) jou apre ou resevwa repons kòmandan divizyon an pou w fè yon apèl a majò a. Se majò a ki gen desizyon final la. Ofisye prizon an ka pwolonje tan pou w resevwa repons yon plent ki ta mande anpil dokimantasyon ak anpil rechèch.

Pa gen okenn limit tan si w ta bezwen depoze yon plent konsènan yon akizasyon sou abi seksyèl. Ou kapab depoze yon plent san ou pa soumèt li bay yon anplwaye, ki kapab konsène pa plent lan e kote plent sa a pa sipoze refere ba yon manm pèsònèl ki site ladan li.

PBSO va emèt yon desizyon final sou baz byenfonde nenpòt ki pati nan yon plent kote yo pretann gen abi seksyèl nan lespas 90 jou soti nan dat ou anrejistre plent inisyal la. Kalkil peryòd 90 jou a pa dwe enkli ladan tan w pase ap prepare tout pwosedi apèl administratif yo. PBSO kapab fè demann pou yon ekstansyon pou yo reponn a plent la, jiska 70 jou.

Nan nenpòt nivo nan pwosesis administrative la, ki gen ladan nivo final la, si ou pa resevwa yon repons nan lespas tan yo bay pou jwen repons, ki ta enkli ladan li tout ekstansyon ke yo ta deja avize w pou yo, ou kapab konsidere absans repons la tankou yon refi nan nivo sa a.

Tyès pati enkli prizonye tankou w, manm pèsònèl la, manm fanmi an, avoka, ak aktivis/defansè kòz, otorize pou ede w ranpli demann pou solisyon administratif ki gen rapò ak akizasyon abi seksyèl, e yo gen dwa depoze demann sa yo sou non ou .

Ou kapab pote yon plent ki di ke ou an danje iminan zak seksyèl dwe depoze nan nenpòt ki lè nan jounen an oswa lannwit (24 èdtan sou 24 - 7 jou sou 7). PBSO dwe bay yon premye repons nan 48 èdtan, e li va pran yon desizyon final sou 5 jou kalandriye.

PBSO kapab pran mezi disiplinè kont ou poutèt ou pote yon plent ki gen rapò ak swadizan abi seksyèl sèlman kote ajans lan demontre ke ou te fè yon fo plent ki pa kanpe sou anyen.

D-5. RESTORE DWA SIVIL

If you Si w ta renmen resevwa enfòmasyon pou restore dwa sivil se pou w fè demann lan nan biwo pwogram lan.

E. SEKIRITE AK KONTWÒL

E-1. KLASIFIKASYON

Pandan pwosesis admisyon an, yon ofisye klasifikasyon ap poze w kesyon. Entèvyou sa a ap pèmèt depatman nou an detèminen bezwen lojman ki pi apwopriye ansanm ak pwogram pou ou nan moman sa a. A nenpòt ki lè kote ou ta menm panse ke gen kek chanjman nan vilnerabilite w pou nenpòt ki rezon, e ke ou

pa santi w an sekirite ankò nan lojman kote ou rete a, tanpri fè ofisye dètwa w la konnen oswa soumèt yon fòm demann pou prizonye bay ofisye Klasifikasyon an.

E-2. BRASLÈ IDANTIFIKASYON

Yon fwa w rive nan prizon an, n ap mete yon braslè idantifikasyon nan ponyèt ou. Nan braslè idantifikasyon sa a ap gen non w, foto w, sèks ou, ras ou ak nimewo jacket ou a sou li. Tout prizonye nou jwenn san braslè p ap otorize pou li patisipe nan okenn pwogram, e ka resevwa aksyon disiplinè oubyen aksyon adiministrasyon jistan idantite prizonye a ka verifye epi jistan braslè a ka ranplase.

E-3. PREZANS

N ap fè prezans yon fwa depite desèvis la panse li nesèsè pou fè. Tout prizonye gen pou yo koòpere e pou yo pa fèt pou fè twòp mouvman pandan n ap konte prizonye ki prezan. Yon fwa nou fè demann lan, ou gen pou kanpe akote kabann ou an, epi montre depita braslè idantifikasyon w lan. Ou pa ka pale pandan n ap konte prizonye ki prezan sof si nou adrese w lapawòl. Fòk limyè yo limen e fòk tout televizyon etenn. W ap gen yon aksyon disiplin kont ou si w pa koòpere.

E-4. KONTREBANN

Kontrebann se tout bagay prizon an pa otorize, oswa bagay diferan pase fòm orijinal li. Bagay nou jwenn an pi gwo kantite pase kantite otorize a, ap konsidere kontrebann tou. N ap pran aksyon disiplin oswe pwosekasyon kriminel kont ou si w pa obeyi pwovizyon sa a. N ap konfiske tout kontrebann ou yo e n ap jete yo. Lajann kontrebann ap gen menm konsekans ak tout lòt kontrebann ki jwenn sou yon prizonye. N ap ranpli yon resi pou prèv epi n ap remèt li bay yon anketè prizon pou akizasyon kriminel epi pou alyenasyon kriminel.

Tout telefòn selilè ak lòt aparèy pòtab pou kominikasyon se kontrebann yo ye depi swa yo entwodyi oswa nan prizon biwo cherif Palm Beach County a. Aparèy pòtab pou kominikasyon vle di nenpòt aparèy prizonye a mete sou li, pote epi sere, ki fèt oubyen sipoze resevwa epi voye mesaj alekri oubyen aloral, wè oubyen sere done oubyen konekte elektwonikman nan entènèt obuyen nan nenpòt lòt aparèy elektwonik, epi ki pèmèt kominikasyon oubyen sere done sou nenpòt ki fòm. Aparèy sa yo tankou, men pa sèlman:

- Pedjè pòtab
- Radyo gwo men
- Telefòn selilè
- Aparèy telefòn avanse
- MP3 oubyen aparèy mizik
- Aparèy lekti elektwonik
- Personal digital assistants (PDA)
- Òdinatè pòtab
- Nenpòt pati nan aparèy sa yo, ki pral itilize pou fè yon nan aparèy sa yo.

- Tèm sa yo enkli tou nan nouvo teknoloji ki devlope pou objektif sanblab sa yo.

E-5. FOUY

Se yon mezi sekirite fondamantal pou nou kontwole zam ak kontrebann nan prizon an. N ap foye prizonye, lojman yo ak lòt zòn kantite fwa nou panse li nesèsè pou sekirite anplwaye yo, prizonye yo ak sekirite prizon an.

Rezon nou fè foy se pou : (1) Anpeche entwodiksyon zam oswa lòt kontrebann nan prizon an. (2) Dekouvri fabrik zam, bagay pou sove ; elatriye, nan prizon an. (3) Dekouvri epi kanpe « trafik » ant anplwaye ak prizonye. (4) Aplike règ etabli pou elimine kòz konfli ak pwoblèm ant prizonye yo. (5) Dekouraje vòl ak « trafik » nan prizon an. (6) Tcheke pou gaspiyaj malveyan oswa destriksyon prizon an. (7) Dekouvri danje pou lasante oswa danje pou sekirite ki ka, pa dekouvri pandan enspeksyon nòminal. N ap fè foy yo yon fason pou nou evite sèvi ak fòs ki pa nesèsè, yon fason pou nou pa anbarase oswa imilyasyon prizonye a.

E-6. DEPATMAN CHEN

Depatman koreksyon nan biwo sherif (Sheriff's Office Department of Corrections) Palm Beach County a gen yon departman chen lapolis nan toulède prizon koreksyon li yo. Nenpòt moun ki ekspre epi konnen yo pwovoke, anbete, jennen ak osinon eseye jennen ak lè nan rankont avèk chen lapolis, pandan ke chen an ap fè travay li se yon krim moun sa fè e krim lan ap pini daprè lwa Leta Florid.

E-7. LOJMAN AK SIPÈVIZYON DIRÈK

Sipèvizyon dirèk vle di lè pòs depite a se devan tout moun lojman an. Karakteristik pi enpòtan k ap detèmine ki prizonye ap loje nan departman sa yo, ap konpòtman yo nan prizon an. N ap chwazi prizonye, ki toujou montre yo ka obeyi règ prizon an epi kontwole konpòtman yo yon konstant ak demach sipèvizè dikèk la, pou departman sa yo. Prizonye ki gen konpòtman ki deranje lòt oswa konpòtman vyolan p ap kalifye pou pozisyon sa yo. Yon fwa yo mete w nan yon departman sipèvizè dirèk, n ap eksplike w règ sipèvizè dirèk la. Si w chwazi pa obeyi règ sa yo, n ap wete w nan departman sipèvizè dirèk la e n ap mete w yon lòt kote. Nou ka pran sanksyon disiplinè kont ou, l ap depann de ki règ ou pa obeyi. Sonje ouresponsab pou konpòtman w ak aksyon w. Depit departman an ka entwodyi disiplin enfòmèl. Disiplin enfòmèl sa a ka otorite pou mande ou rete nan zòn pèsònèl kote w dòmi pandan de (2) è maksimòm. Pi ba nou bay yon lis Règ ak Règleman pou pwòpte, sanitasyon ak ijyèn anba sipèvizyon dirèk seksyon yo:

- Kabann ou an dwe byen ranje jan militè yo konn ranje yo (pwent dra a ak kouvèti a fèt pou rantr anba matla a) nenpòt lè ou pap sèvi avèk li.
- Ou gen sèlman kenz (15) minit maksimòm pou pran yon douch. Kite basen an pwòp e byen ranje. Nou gen dwa pran douch nou nòmalmman ant 8:00 am rive 10:45pm., eksepte pandan lè manje, lè netwayaj, lè yo fèmen ak lè yon fè kontwol. Benyen e netwaye tèt ou chak jou.

- Kenbe zòn kote wap viv la byen ranje e pwòp tout tan. Nou kapab fè enspeksyon nenpòt ki lè.
- Matla yo, lenn yo, dra yo ak zòrye yo pa gen dwa pa sou kaban ou nan selil la. Ou pa sipoze gen dra, lenn ak zòrye anplis sof si yo bay otorizasyon.
- Sere rad ou anba matla w, zòrye w, oswa nan tiwa w; pa pann yo sou kote kabann ou oswa kite yo lage atè a nan selil la.
- Sere kantin ou nan tiwa w.
- Tòde sèvyèt ou epi swa pann li nan Kwòk rad ou a (si genyen), oswa pliye li an de, epi pann li nan pye kabann nan pou li seche.

E-8. LOJMAN AK DIREKSYON ESPESYAL

Direksyon espesyal pou lojman enkòpore enkaserasyon administratif epi disiplinè, sipèvizyon pwotektif ak izolasyon sante mantal. Pandan nan lojman nan depatman kontwol espesyal w ap gen opòtinite pou fè bagay sa yo, sofsi pwosede disiplinè a entèdi li :

- Pran douch epi raze omwen twa (3) fa pa semèn.
- Vizit, sofsi gen gwo rezon pou anile privilèj sa yo.
- Nou ka sèvi ak chenn pou n mare si n panse li nesèsè.
- Ekri oswa resevwa lèt menm jan ak lòt prizonye nan popilasyon jeneral.
- Dokimantasyon legal.
- Lekti.
- Privilèj itilize telefòn.
- Rekleyasyon.
- Pwogram ak sèvis.

NOTE BYEN : Ka gen jistifikasyon pou limite oswa founi aksè altènatif nan nenpòt nan opòtinite sa yo.

RÈGLEMEN POU PRIZON POUTÈT PWOBLÈM DISIPLIN

DOUCH : Lendi, mèkredi, vandredi, sèl epi pa plis pase 15 minit.

KOUTFIL : Okenn koutfil pèsònèl. Avoka ka rele ant lendi a vandredi sèl pandan orè travay. Depite ap konpoze nimewo telefòn lan epi lap verifye idantite lòt moun lan.

LIMYÈ AK FENÈT : PA janm sipoze kouvri.

PINGA EKRI SOU PÒT, FENÈT, MÈB, ELATRIYE.

KAZYÈ : Entèdi pou prizonye yo. Sèl ANPLWAYE gen dwa pran bagay yo.

BAGAY KI OTORIZE NAN SELIL YO :

- Ijyèn pèsonèl :
 - 1 bwòsadan
 - 1 tib pat dantifris
 - 1 woulo papye ijyenik
 - 1 moso savon
 - 1 lakol pou fo dan
 - 1 Tampax - regilye (pou fi)
- Rad :
 - 1 inifòm
 - 1 pè slip
 - 1 pè sapat pou douch
- Dra :
 - 2 dra
 - 1 kouvèti zòrye
 - 1 kouvèti
 - 1 sèvyèt
- Pou lekti :
 - 1 bib oubyen Koran
 - 1 liv oubyen jounal
 - Dokimantasyon legal
 - Lèt pèsonèl apre plasman nan DC
- Kantin :
 - Anvlòp ki gen tenm ak shower slide sèl
 - **LI ENTÈDI POU GEN OKENN MANJE****
- Machandiz asòti :
 - 1 tenbal mous polistirèn
 - 1 kreyon
 - 1 Plim sekirite Flex
 - Linèt Lekti
 - Papye oubyen kanè papye pou ekri

BAGAY KI OTORIZE NAN KAZYE YO : Tout lòt bagay pou ijyèn pèsonèl ki pa make anlè a (pomad pou cheve, deyodoran, peny), 1 pè soulye prizon an, 1 pè slip ak 1 pè chosèt.

BAGAY KI PA OTORIZE NAN KAZYE YO :

- ****OKENN T-SHIRT****
- ****OKENN SWEATSHIRT****
- ****OKENN MANJE KANTIN****

Si prizonye a nan prizon administratif, tout bagay nan kazye ap nan menm selil ak prizonye a. Si yon prizonye ale depi prizon administratif nan prizon disiplin, nap retire tout bagay nan selil la eksepte sa ki make anlè a ki dwe nan men prizonye a.

E-9. KÒD VESTIMANTÈ

Inifòm ou resevwa dwe toujou byen pòte tout tan. Si w gen ak ou vètman ki te achte nan kantin lan (pantanlon kout, swèchèt, elatriye), ou ka gen pèmisyon mete yo pandan rekreyasyon, pandan w ap dòmi oswa pandan w ap fè twalèt ou, elatriye.

Fòk prizonye byen mete inifòm yo oswa vètman apwopriye lè yo pa nan kabann yo.

Fòk tout prizonye tout gen tout inifòm lan, nan :

- Distribye repa tout prizonye yo.
- Pandan distribisyon medikaman yo.
- Pandan livrezon kourye legal ak kantin.
- Pandan echanj lesiv pwòp ak lesiv sal.
- Nenpòt lè yo kite lojman yo.
- Padan tout aktivite nan sal lajounen an.
- Pandan reyinyon ak avoka, konseye, moun k ap fè ankèt, terapèt, doktè, anplwaye sèvis relijyon, elatriye.

F. PWOSESIS NAN SITIYASYON IJAN

F-1. SEKIRITE DIFE

Sekirite dife se youn nan pi gwo pwoblèm nou nan depatman an Tout mèb ki nan lojman w lan fèt ak materyo ki pa pran dife fasil (matla, zòrye). Aparèy ki anonse lafimen, aparèy ki anonse dife, boutèy pou etenn dife plaze plizyè kote nan prizon si oka ta gen yon sityasyon ijan. Domaje yon aparèy pou sekirite lè gen dife ka lakòz pwosikisyon kriminel.

F-2. EGZÈSIS EVAKYASYON

Detanzantan, n ap fè, nan lojman w, egzèsis evakyasyon si ta gen dife. Nou fè egzèsis sa yo pou nou garanti sekirite w ak sekirite anplwaye yo si oka ta gen yon ijans pou vre. Pandan evakyasyon sa yo, koute enstriksyon depite a ba ou. Rete kalm e pa rele, pou nou evakye vit epi san danje.

F-3. RÈGLEMEN SOU FIMEN

Lwa Florid sou lè pwòp alenteryè mande pou tout depatman prizon yo SAN FIMEN TABA. Si w gen nenpòt ki taba oswa bagay pou fimen, li kontrebann e n ap pran aksyon disiplinè kont ou.

G. GRAM AK SÈVIS

G-1. FÒMILÈ DEMANN POU PRIZONYE

Fòmilè pou demann prizonye a ofri w mwayen pou kominike ak diferan seksyon administrasyon an. Make seksyon w ap mande enfòmasyon pou li a ak yon « x ». Sou chak fòmilè demann, PA kominikr ak plis pase yon seksyon. Yon anplwaye ap ranmase fòmilè yo omwen chak jou. Wè depite ki nan lojman w lan si w bezwen èd. Fòmilè pou demann swen medikal gen twa paj koulè diferan, yon blan, yon wòz ak yon jòn. Yon fwa w fin ranpli yon fòmilè pou demann swen medikal, ou dwe remèt demann ou an bay founisè swen medikal la pandan konsiltasyon medikal.

G-2. PRIZONYE AK ENFIMITE

Prizonye ki gen enfimite gen aksè, oswa yon aksè altènatif, nan tout pwogram oswa sèvis ki founi pou tout prizonye an jeneral. Si w gen yon andikap epi jwenn li difisil pou gen aksè ak nenpòt nan pwogram ak sèvis sa yo, founi yon FÒMILÈ POU DEMANN PRIZONYE bay sipèvizè apwopriye a e eksplike pwoblèm aksè w

genyen an. Si pwoblèm ou te genyan an pa ka eliminie, n ap jwenn rezilta diferan pou garanti ou gen aksè egaleko nan pwogram ak sèvis yo.

G-3. SÈVIS MEDIKAL, DAN AK NOURITI AK SWEN MANTAL

Se yon founisè swen medikal nou angaje ki founi sèvis medikal bay biwo cherif la. Gen enfimyè k ap travay 24 sou 24, 7 jou sou 7, nan chak prizon.

Enfimyè fè tou prizon an chak jou pou fè livrezon medikaman. Fòk pran medikaman an devan enfimyè a. Fòk ou abiye kòrèkteman lè w prezante tèt ou lè enfimyè a rele w pou medikaman w lan. N ap pran sanskyon disiplinè kont tout prizonnye ki pa vètman ki konvni lè enfimyè a prezan.

Remèt yon fòmilè pou demann medikal pou w fè demann swen medikal ak swen dan. Se sèl anplwaye medikal ki ka ranmase fòmilè sa yo. Pa bay depite a fòmilè sa yo. Fòk ou eksplike anplwaye depatman lan sa depi ta gen yon sitiyasyon ijan nan depatman w lan.

Frè pou sèvis medikal : Tout prizonnye, ap oblije peye pou kèk tretman ak swen prizonnye a deside li bezwen, ke yon doktè oswa pwofesyonèl sante mantal pa di li bezwen ak tout swen ak tretman ki pa pou yon ijans. N ap kontinye ofri sèvis sa yo san w pa gen pou peye anreyen :

- Depistaj sante entrasistèm ak vale.
- Dosye medikal ak konsiltasyon jeneral.
- Maladi kwonik.
- Sèvis pou swen mantal.
- Maladi doktè dyagnostike ak swen siplemantè.
- Ijans medikal (jan yon anplwaye swen medikal detèmine li).

Men plan frè a : (Wè frè ki make yo)

- Klinik enfimyè
- Klinik medikal (MD, ARPN, PA)
- Klinik dantis
- Preskripsyon pou sèvis ki make anlè a (Ak eksepsyon maladi kwonik)
- Transpò bay pwòp doktè pèsònèl apre ke li otorize

Si w nan konsiltasyon nan klinik enfimyè a epi li mande pou w ale nan klinik medikal oswa klinik dantis, w ap peye dapre frè ki make yo.

Fòk o ugen lajan transpò doktè prive w lan anvan randevou a. Lajan sa a se pou transpò sèlman e li pa enkli frè pou sèvis medikal ou resevwa.

Ou p ap gen pou peye pou swen siplemantè apre konsiltasyon sa yo, eksepte pou transpò siplemantè epi pou frè medikal asosye ak sèvis doktè prive w lan. W ap gen pou siyen yon kontra peman anvan ou resevwa sèvis medikal la. Nou p ap refize okenn prizonnye swen medikal poutèt yo pa gen lajan.

Se dwa w pou w refize swen ak tretman medikal. Se ak anlwaye swen medikal la pou w refize swen ak tretman medikal la. N ap akonpaye w nan depatman swen medikal la kote w ap di anlwaye swen medikal la ou refize swen. Ou pa ka di depite a ou refize swen medikal, e refi swen ou bay depatman swen medikal la ap gen yon konsekans sanksyon disiplinè kont ou.

Egzamen zye pou ka gen linèt ka fèt nan prizon an e se pou oumenm ki pou peye. Fòk ou peye depans sa alavans.

Gen sèvis swen sante mante ki disponib pou ou. Tankou pou sèvis medikal ak sèvis dantis, ou ka fè deman sèvis swen sante mantal ak yon fòmilè pou demann medikal, « pale ak enfimyè de sèvis la », oswa si bezwen an ijan, pale ak yon depite nan depatman w lan.

Siy avètisman pou anpeche syisid:

Pafwa ka gen siy avètisman. Malerezman, pafwa pa gen okenn siy nou ka wè yon moun genyen lè moun sa a ta gen letansyon pou l touye tèt li. Sepandan, se pou n konnen ka gen posibilite. Men detwa siy avètisman pou siveye :

- Chanjman sibit nan imè oubyen nan konpòtman.
- Kriye anpil, san espwa epi enpyisan.
- Ap bay moun tout zafè li.
- Di li ta renmen mouri, oubyen moun lan di "lavi pa merite viv".
- Te eseye touye tèt li.
- Gen yon bon zanmi oubyen yon fanmi ki touye tèt yo.
- Gen anpil santiman kilpabilite ak lawont.
- Pèdi enterè nan aktivite oubyen nan pwogram moun renmen an jeneral.
- Reflechi anpil sou lanmò limenm.
- Pale l ap kite prizon talè san l pa fè sans.

Siveyans:

Se pou tout moun toujou siveye lòt prizonye a; tanpri konnen peryòd fèt ka deklanche anvì syisid pou kèk moun

Si w kwè yon moun anvì touye tèt li, alè se responsabilite pa w pou w fè rapò bay, ofisye oubyen manm anlwaye swen medikal/mantal ki pi pre w la, sou sa w wè a. Pinga ou pèdi tan.

Reflechi sou syisid:

Si se "OUMENM" ki gen anvì syisid nou mande w pou sonje:

- Se pa syisid ki solisyon an.
- Pa gen tounen apre syisid. Syisid se yon repons pèmanan pou pwoblèm tanporè. Li pa yon solisyon.

- Mande pou èd. Gen konsèy disponib ansanm ak lòt entèvansyon medikal. **PALE AVÈK OFISYE DEPATMAN AN, FOUNISÈ MEDIKAL AK FOUNISÈ POU SWEN MANTAL.**

G-4. SÈVIS REPA

N ap sèvi repa twa fwa pa jou nan lè sa yo :

- Repa maten : 5:00 am a 7:00 am (Note byen : Travay lage ap sèvi apatide 4:00 am.)
- Repa midi : 10:30 am a 12:30 pm.
- Repa aswè : 04:30 pm a 06:30 pm.

G-5. KONSÈY AK SÈVIS RELIJYON

Gen konsèy ak sèvis relijyon ki disponib pou ou. Si oka yon moun nan fanmi w mouri, ap gen konsèy sou relijyon prive disponib pou ou, si w mande pou sèvis sa. Remèt biwo pastè a tout fòmilè pou demannn prizonye pou tout bezwen relijye.

G-6. VIZIT

Prizonye ap gen limit sou ki vizitè yo resevwa dapre lis non moun ki make epi ki otorize sou lis vizitè otorize a. Gen yon limit nan lis sa yo ki se senk (5) vizitè o maksimòm, atout timoun ki pako gen laj 18 an. Apre premye prezans oubyen apre resevwa yon lojman pèmanan, prizonye nan biwo prizon koreksyon KI nan biwo sherif Palm Beach County ka make epi remèt lis moun ki va vini wè yo. Sèl yon (1) grenn lis ka remèt sou chak peryòd swasant (60) jou. Vizitè ki otorize ka chanje sèl yon grenn fwa sou chak peryòd swasant (60) jou. Enfòmasyon sa sou vizitè bije make sou fòmilè a.

- Non ak siyati.
- Tout dat ou fèt ak mwa, jou epi ane
- Nimewo ID vizitè a.

Tout vizitè yo oblije enskri swa sou entènèt la nan www.jailvisit.pbso.org oswa nan yon gichè nan Sant Vizit Videyo Santral la oswa Sant Vizit Wes la. Depi anrejistreman an fini, chak vizitè ap resevwa yon nimewo ID vizitè. Vizitè a gen pou l ba ou nimewo sa a, e w ap gen pou w mete nimewo sa a tou sou papye otorizasyon pou vizit. Se papye a pa byen ranpli konnen n ap voye l tounen ba ou.

Depi vizitè a anrejistre e papye otorizasyon pou vizit la otorize, vizitè ou a ka pran randevou pou l vin an vizit. Enfòmasyon sou lè ak jou pou vizitè yo dwe pou yo founi anliy. Jou ak lè ap chanje depann sou departman lojman an ak nenpòt restriksyon ki pa genyen.

Orè vizit yo plase nan chak inite lojman. Orè vizit yo bay chak prizonye opòtinite pou omwen de zè de tan (2) vizit chak semèn. Vizit ki pwograme yo fèt konsa pou pèmèt vizit le swa, pandan wikenn, ak jou ferye. Fòk yon paran oswa yon responsab akonpaye tout vizitè ou reseva ki poko gen dizit (18) an. Li obligatwa pou timoun

lan gen dokiman prèw rapò ak responsab la. N ap aksepte yon batistè ak dokiman adopsyon oswa dosye responsabilite tribinal.

Vizitè ki vin wè w ka kòmanse anrejistre apeprè 30 minit anvan orè vizit la kòmanse. Lè fini, se pou vizitè yo anrejistre epi chita tann kenz (15) minit anvan vizit pwograme a kòmanse.

Tout vizitè ki majè gen pou li prezante yon pyès didantite avèk foto vizitè a sou li (pemi pou kondwi oubyen pyès didantite leta e se pou l valab - etranje ka montre paspò yo) pou yo sa gen vizit nan videyo. Tour vizitè dwe byen abiye dapre règleman sou teni ki make a. Vizitè yo dwe toujou gen yon bon konpòtman. Nou p ap pèmèt pou pyès vizitè antre wè w depi moun sa parèt pou l te pran dwòg oswa tafya.

Nou p ap pèmèt pou soti ak anyen nan depatman lojman w lan pou pote nan sal vizit la.

Moun ki vin nan vizit fèt pou kontwole timoun yo oswa n ap kanpe vizit la.

Si nan yon peryòd trant (30) jou yon vizitè manke twa (3) vizit ki pwograme, vizitè sa a p ap gen dwa vini pou yon peryòd de semèn.

Fòk ni oumenm ak ni vizitè ou yo syiv enstriksyon anplwaye PBSO oswa n ap kanpe vizit la. Tout vyòl règ yo ap koze nou kanpe vizit ou a e li ka fè ke moun ki vin wè la pa janm ka vini wè w ankò.

G-7. REKREYASYON

Rekreyasyon disponib chak jou (lè tan an pèmèt li). Al wè ak depite nan etaj ou a pou konnen ki orè ki genyen pou rekreyasyon.

Fòk ou tounen tousyit nan lojman w lan yon fwa yon depite oswa anplwaye PBSO ba w lòd la. Tout vyòl règ ak règleman prizon an oswa konpòtman ki entewonp travay anplwaye rekreyasyon oswa lòt anplwaye ap fè nou kanpe peryòd rekreyasyon w lan e n ap pran sanksyon disiplinè kont ou.

Ou pa ka eseye pran kontak oswa kominike ak moun andeyò seksyon rekreyasyon w lan pandan rekreyasyon nan rele, mouvman men epi ak jès ki pwovoke moun. Bagay sa yo ap rezon pou kanpe peryòd rekreyasyon ak sanksyon disiplinè kont ou. Lameteyo ka deside si wi ou non n ap ofri rekreyasyon deyò nan lè nòmàl.

G-8. TELEFÒN

Nou founi telefòn nan seksyon lojman w lan pou itilizyon pèsònèl ou. Enskripsyon nan telefòn obligatwa pou pase koutfil. N ap ba w yon # pin ke w ap sere yon kote an sekirite. Ou ka fè transfè si w vle depi nan kont magazen w lan nan kont telefòn ou an. Ou ka fè koutfil dirèk avèk lajan ou gen disponib nan kont telefòn ou an. Telefòn sa yo ka sèvi pou apèl kolèk e se moun ou rele a k ap peye pou chak koutfil kenz (15) minit. Apèl a telefòn selilè yo pa garanti. PBSO ak / oswa founisè ki gen

kontra avek yo pa p responsab pou apèl ki tonbe. Swiv endikasyon yo lè w ap plase koutfil la pou garanti koutfil la pase. Gen frè telefòn ki pou peye pou chak koutfil. Gen telefòn TDD (Telecommunication Device for the Deaf) disponib nan chak prizon pou prizonnye ak pwoblèm pou tandè. Tout abi sèvis telefòn ap fòse nou wete telefòn yo epi plase sanksyon kont ou. Se chèf prizon an ki gen responsablite pou yo tabli orè lè telefòn yo ap disponib pou prizonnye yo ka sèvi ak yo. Orè a sipoze gen opòtinite sèvis lajounen kou lanniyit.

Pou ka mentni sekirite epi pou mentni lòd nan prizon yo, epi pou pwoteksyon bibliik la, li posib pou koutfil prizonnye yo siveye epi anrejistre.

G-9. TELEVIZYON

Gen yon aparèy televizyon nan chak salon lajounen pou edikasyon w ak amizman w, e se privilèj pou w gade televizyon. Ou pa ka fè makònaj ak televizyon an oswa ak kab televizyon an. Tout enfòmasyon ki montre te gen makònaj ap fè n wete televizyon seksyon lojman an e n ap ka plase sanksyon disiplinè kont ou. Depite ki nan seksyon w lan ap gen kontwòl chanjman chanèl televizyon an. Yon vòt ant prizonnye yo ap detèminen ki chenn televizyon prizonnye yo ap gade. Volim lan ap nan nivo nòminal, pou pa deranje lòt prizonnye oswa operasyon prizon an.

Pou depite a gen opòtinite byen konte prezans prizonnye yo, se pou etenn televizyon an pou depite a ka byen konte prizonnye yo san okenn erè. Tout prizonnye ki pa koòpore pandan prezans lan ap pèdi privilèj televizyon an e prizonnye ap gen yon sanksyon disiplinè kont li.

Restriksyon nan televizyon : Televizyon yo ap etenn ant 11:00 pm ak 6:00 am, 7 jou sou 7.

G-10. KANTIN

Atik kantin ka achte nan jou ki pwograme pou inite kote w ye a. Papyè kòmman kantin yo ap disponib dapre orè a. Fò papyè yo byen ranpli epi fò w siyen non w sou li. Sèlman make kantite ak nimewo atik la pou tout atik ou ta renmen kòmande yo. Fò w toujou byen tcheke papyè kòmman ou an pou wè si li korèk anvan w remèt li. Si w pa ranpli papyè a jan pou li ranpli, kòmman lan p ap pase. Si montan kòmman ou an plis pase kantite lajan ki nan kont ou an, ou p ap resevwa atik ki depase valè ke oumenm ou genyen an. Kòmman ou an gen yon limit katrevendi dola (90,00\$) pou atik ki vann nan kantin lan epi katrevendi dola (90,00\$) pou abi (san konte transfè lajan nan telefòn). Sèlman yon sèl kòmman pou kantin ap aksepte chak semèn.

Lè reprezantan kantin lan fè livrezon kòmman ou an l ap verifeye idantifikasyon ou an epi l ap mande pou w siyen non w anvan pou li remèt ou yon sache ki fèmèn. Se pou w verifeye kòmman ou an la menm devan reprezantan kantin lan. Plent pou kòmman ki pa konplè p ap aksepte onfwa ou deplase devan reprezantan kantin lan. Se nan fen semèn lan w ap resevwa kòmman anreta pou tout ranplasman atik ki pa t genyen nan kantin lan.

G-11. BIBLIYOTÈK POU LEKTI

Gen yon charyo liv disponib ak liv pou divèti. Gen orè a ki afiche nan kaz ou a.

G-12. BIBLIYOTÈK LEGAL

Depatman Koreksyon PBSO pa gen okenn aksè fizik a bibliyotèk legal la.

Sepandan, ou kapab fè rechèch souk a legal avèk bibliyotèk legal elektwonik la. Prizonnye yo rete nan selil yo epi yo mande enfòmasyon legal kote ke yo va itilize yon fòm demann legal. Soumèt fòm demann legal la konplè ak enfòmasyon sou lalwa ke ou vle wete nan bibliyotèk legal la. Yon anplwaye sivil Bibliyotèk legal Biwo cherif Konte Palm Beach la va pwosès enfòmasyon an epi voye l tounen ba ou.

Chak prizonnye ap gen aksè rezonab pou konsilte materyèl legal yo. Tout demann en rapò a bibliyotèk legal la se pou pwòp sèvis ou li ye sèlman. Ou kapab jwen Liv lalwa yo nan tout inite lojman yo / chanm kontwòl yo. Nenpòt prizonnye nou jwenn ki ap sèvi avèk bibliyotèk legal la pou li jwenn materyèl legal pou nenpòt lòt moun ke tèt li ap sibi mezi disiplinè an akò avèk règleman sou konduit ak disiplin prizonnye yo.

G-13. KONSEY POU LÈ YO LAGE W

Tout prizonnye, nan Pwogram “Re-Entry” PBSO a ap kapab patisipe nan sesyon konsèy sou preparasyon pou lè yo lage li. Pwogram sa a founi enfòmasyon sou ajans nan kominote a, ki ka founi gid ak èd apre yo lage w. N ap mande w, lè w lage a, si w enterese nan okenn nan enfòmasyon disponib yo. Ou ka remèt yon DEMANN PRIZONYE bay sekson pwogram lan. Enfòmasyon sa a ka gen ajans kominotè ak lòt ki founi : (1) travay, (2) lojman, (3) swen sante mantal, (4) konsèy pou tafyatè ak dwòg adik, epi (5) transpò.

G-14. PWOGRAM EDIKASYON

Gen klas sou edikasyon fondamantal pou granmoun Adult Basic Education (ABE). N ap aprann ekspètiz lekti, ekriti ak matematik de baz. Klas preparatwa sa yo ap founi prizonnye yo konesans de baz pou yo pran tès G.E.D. a. N ap remèt diplòm yon fwa w pase tès G.E.D. a. Ou ka remèt sekson pwogram lan demann ou an si w enterese patisipe. Gen klas edikasyon segondè ki ofri e ki obligatwa pou prizonnye ki poko gen dizit an. Klas sa yo se menm klas yo ofri nan lekòl andeyò prizon an. Prizonnye yo ap resevwa kredi pou prezans yo nan klas yo. Tout patisipan nan pwogram sa yo fèt pou yo obeyi enstriksyon pwofesè a.

Pwogram Sèvis Eksepsyonèl (ESP) se yon pwogram akademik yo ofri nan Distrik Lekòl Konte Palm Beach la. Moun ki kalifye yo se moun ki pa gradye nan lekòl segondè (High School), ak moun ki gen andikap ki poko gen 22 e ki pa gradye avèk yon diplòm estanda oswa ekivalan li, epi ki fèmèn nan yon sant detansyon konte a. Si w kalifye; yon anplwaye nan Distrik Lekòl Konte Palm Beach la ap kontakte ou, oswa si w enterese e yo poko janm te kontakte w, soumèt yon demann bay Pwogram Prizonnye (Inmate Programs) pou plis enfòmasyon.

G-15. SWEN TIMOUN AK PLANIN (SÈLMAN POU PRIZONYE FI)

Lè depatman swen medikal la verifeye ou ansent, l ap voye w pran swen gwosès.

Se règleman, dapre FSS 944.241, pou biwo cherif la sèvi avèk mezi restrenn sou prizonnye ki ansent.

Pwogram Enfimyè Debi Ansante (Healthy Beginning Nurses) / Pwogram Ti Bebe Ansante Manman Ansante

Pwogram Enfimyè Debi Ansante (Healthy Beginning Nurses) nan ofri edikasyon anvan epi apre akouchman ak konsyantizasyon pou prizonnye fi ki ansent yo.

Enfimyè nan pwogram lan ap kontinye vin wè prizonnye fi ki ansent pou yo ka ofri sèvis anvan epi apre akouchman.

Pwogram Ti Bebe Ansante/Manman Ansante travay ansanm ak Pwogram Enfimyè Debi Ansante (Healthy Beginning Nurses). Pwogram sa a idantifye epi adrese sèvis sosyal pou prizonnye fi ki ansent (anvan epi apre yo lage) nan pwogram kontwòl ka a. Anplwaye sèvis sosyal nan ajans lan ofri sèvis swen entansif pou prizonnye fi ki ansent. Sèvis ofri tou bay prizonnye fi ki ansent lan ak fanmi li si li gen timoun ki poko gen laj twa (3) an. Pwogram sa a travay tèt ansanm ak Pwogram Enfimyè Debi Ansante (Healthy Beginning Nurses). Li pa nesèsè pou prizonnye yo fè demann pou patisipe nan pwogram sa a. Depatman medikal la ap avèti fasilite yo sou pwogram lan e se yo kap pran kontak ak prizonnye fi ki ansent lan.

G-16. PWOGRAM TRAVAY

Tout prizonnye leta a mete nan prizon oblije travay e y ap plase nan yon pwogram travay. Plasman nan travay ap baze sou sante prizonnye a ak nivo sekirite li, e sou ki pozisyon travay ki disponib. Biwo cherif la ofri pwogram sipèvizyon altèn, rezidans siveye ak Work Release. Plasman nan pwogram sa yo ap baze sou desizyon cherif la a ansanm ak jif tribinal la. Kwak work release se pou prizonnye kondane, pwogram « In-House Arrest » la disponib pou toude prizonnye kondane ak prizonnye ki poko ale nan tribinal. Remèt depatman sou gad altènatif la demann ou an pou yo detèminen kalifikasyon w.

G-17. MARYAJ

Tout demann pou maryaj fèt pou remèt chaplen koreksyon an. Maryaj prizonnye ki nan prizon ka otorize si li p ap koute biwo cherif nan Palm Beach County a anyen, e si pa gen enfraksyon mezi sekirite ak sekirite anplwaye ak prizonnye yo.

G-18. LANMÒ YON FANMI

Si oka ou ta gen yon fanmi ki mouri (mari, madanm, pitit, manman, papa, frè, sè), e kòmandan divizyon an ba w pèsimasyon pou ale nan fineray la gen obligasyon pou w satisfè. Fòk ou ale epi kite fineray la ak de (2) depite, e depatman sèvis kontra biwo pèmi cherif la ap detèminen konbyen l ap koute w (se oumenm ki responsab pou peman sèvis sa a). Fòk tout peman an nan men biwo cherif la vennkat (24) è anvan ou kite pou al nan fineray la.

G-19. NOTIFIKASYON YON PARAN PWÒCH

Nenpòt moun, nenpòt lè, ka gen yon maladi oswa blesei grav, kwak se lè w lakay, nan trava, nan espò oswa nan prizon. Lè yo t ap admèt ou nan prizon an, yo te mande w twa fwa pou w idantifye yon fanmi, yon zanmi oswa yon lòt moun ou ta renmen nou kontakte si oka w ta gen yon blezi grav, yon maladi grav, oswa si w mouri. Si w vle chanje moun ou vle nou kontakte a, oswa si w pa bay non yon moun lè w admèt nan prizon an, remèt yon fòmilè DEMANN PRIZONYE bay seksyon klasifikasyon an.

G-20. FRÈ PRIZONYE PEYE POU VIV AK PWOSESIS

Tout prizonye, eksepte prizonye nan prizon federal jan li make nan kontra a, oblije peye yon frè pou viv e ki asosye ak anprizònman yo (F.S.S. 951.033). Tout prizonye ki antre nan prizon Palm Beach County Detention gen pou peye yon frè pwosesis anprizonman. Frè sa a ap ede ak frè pou pwosesis prizonye epi pou inifòm prizonye, elatriye. Frè ou peye yon sèl fwa a se yon frè anplis tout frè sibzitans jounalye. Pwosesis la ap aplike lè prizonye a antre nan sistèm lan. Prizonye k ap patisipe nan Work Release oswa nan House Arrest (rezidans siveye) gen pou yo peye yon frè lojman dapre tou dènve rezolisyon komisè konsey konte a.

G-21. MOUVMAN PRIZONYE

Fòk prizonye yo mete yo anran, youn apre lòt, lè y ap deplase avèk eskòt nan prizon an ; pa egzanp tribinal, rekreyasyon, sèvis relijyon, vizit, medikal, elatriye. Li ka nesèsè pou yo mete restriksyon sou ou pandan deplasman sa yo.

G-22. GWOUP POU EDE TÈT OU

Gen yon varyete pwogram pou ede w ak devlopman pèsònèl ki disponib pou prizonye, tankou, swen anonim pou tafyatè Alcoholic Anonymous (AA) ak swen anonim pou dwòg adik Narcotics Anonymous (NA). Gade orè pwogram pou prizonye pou prizon kote ou ye a e si l enterese w, bay yon fòmilè Demann prizonye pou pwogram sa yo. Si w ta bezwen èd pou w ranpli fòmilè a, mande depite ki responsab kaz/etaj ou a pou l ede w.

G-23. PWOGRAM POU MOUN K AP VOTE

Nap ofri èd bay tout prizonye ki kalifye ki vle vote nan bilten vòt absan oubyen ki vle anrejistre pou vote. Ou kalifye pou w vote e pou w anrejistre pou w vote si w: gen rezidans nan leta Florid, pa detèminen ou gen posiblite mantal pou vote, pa fè demann dwa pou vote nan yon peyi oubyen lòt leta, oubyen ou kondane gwo trayizon san okenn dwa ankò. Ou ka anrejistre pou vòt nenpòt lè. Wap gen pou w bay yon demann pou prizonye bay biwo program prizonye a ki mande pou yo ba w dwa pou vote ankò. Sèvis pou vote pou prizonye ap fèt sèlman nan gwo eleksyon yo. Wap resevwa enfòmasyon pou di w ki lè epi ki jan pou w remèt demann ou pou w vote.

G-24. PWOGRAM KAT OTOBIS

Depi ou lage, nap ba ou yon kat otobis ki valab pou yon grenn jou. Kat otobis la ka sèvi nan Palm Beach County nan sistèm Palm Tran Transit la. Pou w resevwa kat

otobis la, se pou w fè demann pou li anvan ke w lage e ou fèt pou w ranpli tout fòmilè nesèsè yo.

G-25. METRIZE KÒLÈ

Pwogram sa a se kote prizonye aprann kijan pou byen reyaji lè yo gen emosyon ki negatif. Li aprann ki jan pou byen reflechi pou gen rezilta pozitif. Pwogram sa a yo pral aksesib a prizonye kondane nan konte a antravè pwogram Re-Entry a e prizonye ki nan lojman popilasyon jeneral ki patisipe nan Pwogram “Life Skills” la.

G-26. PWOGRAM SEKIRITE SOSYAL

Men ki èd ou ka resevwa :

- Resevwa kat sekirite sosyal ou.
- Resevwa tout benefis ou yo ankò.
- Ede konprann benefis ou yo.
- Fè chanjman nan benefis ou yo.
- Resevwa èd pou tout kesyon ou ka genyen sou sekirite sosyal ou.

Ajans sa a ap patisipe nan pwogram anvan prizonye lage pou sekirite sosyal kap ede w detèminen si w kalifye pou benefis sekirite sosyal epi / oubyen pou ede w resevwa benefis yo. Pou resevwa èd nan tout bezwen sekirite sosyal ou se pou w voye yon demann bay biwo program lan.

G-27. KAT DIDANDITE POU ANTRE ANKÒ NAN KOMINOTE A

Pou ofri prizonye ki lage nan biwo prizon detansyon nan biwo cherif Palm Beach County a yon fòmilè idantifikasyon ki, ka sèvi kote prizonye a ap bezwen pyès didantite. Se pou w voye yon fòmilè demann pou prizonye bay biwo program lan si w ta enterese resevwa yon kat didantifikasyon.

G-28. KREDI POU AMANN AK FRÈ

Chak prizonye nan konte a k ap travay dwe pou yo resevwa, ansanm avèk sibidans, yon kredi nan to 30 santim pa jou, sou kont amann ak frè ki deklare kont li. Depi l lage, si demann lan fèt, chak prizonye ki bay dwa dwe pou l resevwa yon lèt k ap reprezante yon avi sou kantite jou prizonye a gen pou l resevwa kredi pa jou. Se responsabilite prizonye a pou l remèt sekretè tribinal la avi sa pou l sèvi avèk kredi a.

H. DISIPLIN AK KONPÒTMAN PRIZONYE

H-1. KONPÒTMAN

Ou oblije obeyi tout règ ak règleman prizon an. Si n detèminen ou koupab enfraksyon règ ak règleman yo dapre estanda prizon Florid, ou ka pini ak kaptivite disiplinè, pèdi tan ou ratrape, e w ka pèdi privilèj. Nou p ap tolere zak kriminel nan prizon n ou yo e n ap pwosekite w nan degre maksimòm.

H-2. REGLÈMAN

A. KRIM KATEGORI 1 :

- 1-1 Agresyon nenpòt nan anplwaye yo
- 1-2 Atak Seksyèl
- 1-3 Menas oswa atak/agresyon seksyèl lòt moun
- 1-4 Mete dife oubyen magouy nan yon plòg elektrik, aparèy elektik oubyen aparèy alàm / sispann dife
- 1-5 Demonstrasyon oswa ankouranje lòt fè demonstrasyon
- 1-6 Sove, eseye sove oswa òganize yon sove
- 1-7 Posede, eseye posede oswa entwodiksyon eksplozif oswa nenpòt amo, oubyen lòt zàm
- 1-8 Jete, voye oubyen distribisyon likid oubyen materyèl chimik oubyen danjere

B. KRIM KATEGORI II :

- 2-1 BAgresyon nenpòt moun (ki pa yon anplwaye)
- 2-2 Rapò seksyèl ak nenpòt lòt moun
- 2-3 Goumen
- 2-4 Ekstòsyon, chantaj, pwoteksyon, demann oubyen resevwa lajan oubyen nenpòt ki bagay ki gen valè pou pwoteksyon kont lòt moun pou pa fwape, oubyen pou menaj pou fè rapòtaj
- 2-5 Ale kote w pa otorize
- 2-6 Anpeche n fè prezans
- 2-7 Kase oswa bloke nenpòt kalite seri
- 2-8 Gen oubyen eseye gen bagay ilegal (nenpòt bagay yon prizonye genyen oubyen ki jwenn nan lokal la e lalwa di ilegal epi ke prizyon pa otorizasyon pou l genyen oubyen resevwa e ki pa distribye nòmman nan prizyon an)
- 2-9 CKonpòtman ki deranje oswa koze pwoblèm nan sekirite oswa nan òganizasyon prizyon an
- 2-10 Bay oswa ofri nenpòt ofisye oswa anplwaye yon blakmel, oswa nenpòt bagay ki gen valè
- 2-11 Refize obeyi lòd nenpòt anplwaye prizyon an
- 2-12 Ekspozisyon pati prive, egzibisyon vilgè oubyen konpòtman obsèn
- 2-13 Detyi, chanje, andomaje oswa abime pwopriyete gouvèman an oswa lòt moun
- 2-14 Fè oswa konsome bagay k ap fè w sou, oswa soule tèt ou
- 2-15 Fè demann pou sèks
- 2-16 Mete yon degizman oswa yon mask

C. KRIM KATEGORI III :

- 3-1 Menase lòt ak kote w ap blese w oswa tout mekanstan kont moun lan oubyen zafè li yo.
- 3-2 Refize travay, ankouraje lòt refize travay, oswa patisipe nan aksyon kote travay sispann.
- 3-3 Fè oswa ankouraje demonstasyon gwoup.
- 3-4 Pa prezan lè n ap fè prezans.
- 3-5 Vòlè.

- 3-6 Fwonte yon anplwaye prizon an.
- 3-7 Manti oswa bay yon anplwaye prizon an move enfòmasyon.
- 3-8 Mitile, chanje oswa mal itilize vètman, kabann, dwa oswa matla nou ba ou.
- 3-9 Pa byen itilize medikaman nou otorize.
- 3-10 Pa idantifye tèt ou bay yon anplwaye lè nou mande w entwodwi tèt ou.
- 3-11 Konpòtman ki twouble oubyen gen entèferans ak yon pwogram, sèvis oubyen aktivite nòmal ki ka, men pa sèlman : rekreyasyon, vizit, kantin, pwogram sou relijyon, bibliyotèk, bibliyotèk sou dwa, pwogram enfòmasyon sou abi sibstans, oubyen klinik.
- 3-12 Enfraksyon règleman pwogram siveyans altènatif pou gen, men pa sèlman: fè magouy oubyen detwi aparèy siveyans elektwonik, pa tounen nan prizon an oubyen nan rezidans ou, oswa sèvi ak sibstans k ap entoksike w.
- 3-13 Fè fo, chanje oubyen repwodi ilegal nenpòt dokiman, atik oubyen idantifikasyon, lajan papye sekirite oubyen papye ofisyèl.
- 3-14 Prete pwopriyete oswa nenpòt bagay ki gen valè pou pwofi oswa pi gwo ranman.
- 3-15 Absans, nan travay oswa nan nenpòt misyon, ki pa otorize.
- 3-16 Pa fè travay jan yon anplwaye te mande w.
- 3-17 Mete tatou sou tèt ou oswa chanje aparans fizik ou.
- 3-18 Itilizasyon kourye oswa telefòn ki pa otorize.
- 3-19 Bay lajan oubyen nenpòt bagay ki gan valè, aksepte lajan oubyen nenpòt bagay ki gen valè nan men yon lòt prizonye, fanmi oubyen zanmi.
- 3-20 Fimen kote li entèdi fimen oswa gen bagay pou fimen.
- 3-21 Pa mete braslè didantite.
- 3-22 Chanje, domaje oubyen fè magouy nan braslè didantite a.

D. KRIM KATEGORI IV :

- 4-1 Sèvi ak pawòl mechan oswa gwo mo
- 4-2 Fè chanjman nan nenpòt manje oswa bwason
- 4-3 Paryaj, prepaie oubyen fè paryaj, gen bagay pou fè paryaj, komès, twòk oubyen paryaj pou plato manje
- 4-4 Pran pòz ou malad
- 4-5 Patisipe nan yon reyinyon oswa rasanbleman ou pa otorize ale
- 4-6 Pa syiv règleman sekirite oswa sanitasyon
- 4-7 Itilize nenpòt aparèy oswa ekipman kontrèman ak enstriksyon oubyen estanda sekirite ki afiche
- 4-8 Pa sanitè oswa pa pwòp, pa kenbe tèt ou pwòp oswa lojman pèsònèl ou pwòp

- 4-9 Kontak ak piblik ki pa otorize
- 4-10 Koresponn oswa kontak ak yon moun ki vin an vizit kontrèman ak règleman afiche yo
- 4-11 Li entèdi pou w sèvi ni ak enfòmasyon ni ak pyès didantite yon lòt prizonnye.

H-3. RAPÒ DISIPLINÈ, JIJMAN, SAKSYON AK PWOSESIS

Tout anplwaye ki temwen oswa ki gen rezon pou l kwè yon prizonnye fè yon enfraksyon règ ak règleman yo gen pou l prepare yon dosye aksyon disiplinè pou prizonnye oswa dosye sou aksidan. N ap fè yon dosye aksyon disiplinè pou prizonnye diferan ak dokimantasyon siplemantè ap founi pou chak enfraksyon règ.

- A. Yon pwosekisyon kriminèl : Lè yon prizonnye swadizan fè yon move zak dapre lwa kriminèl la, sipèvizè a va remèt ou yon kopi tout dosye asosye ak envestigatè koreksyon kriminèl. Moun k ap fè ankèt kriminèl prizon an va detèminen si wi oubyen non enfòmasyon an ap klase ak biwo avoka deta pou pwosekisyon.
- B. Envestigasyon :
 1. Lè gen yon rapò sou yon swadizan enfraksyon règ, sipèvizè orè a ap koze yon bon envestigasyon pou detèminen si sikonsantans yo soutni akizasyon an. Envestigasyon an ap kòmanse nan lespas 24 èdtan apre rapò enfraksyon an resevwa e l ap fini san okenn reta, sofsi gen gwo sikonstans ki retade envestigasyon an.
 2. Yon prizonnye ki gen yon akizasyon règ ap resevwa yon rapò sou akizasyon yo (yon kopi dosye disiplinè a), ansanm ak deskripsyon ensidan an ak enfraksyon règ espesifik la dapre lapolis k ap fè envestigasyon an. Prizonnye a ap resevwa rapò menm lè dosye disiplinè a klase ak komite disiplinè a pa pit ta pase 24 è anvan jijman disiplinè a. Jijman an ka fèt nan lespas 24 èdtan depi prizonnye yo bay otorizasyon yo alekri. Moun k ap fè envestigasyon an ap tcheke bon bwat nan dosye disiplinè a, lè, dat ak siyati li pou akizasyon yo.
 3. Yon fwa akizasyon yo delivre bay prizonnye a, moun k ap fè envestigasyon an va enfòm prizonnye ke jijman an ap fèt pa pi ta pase senk (5) jou (san konte wikenn ak jou ferye) apre ensidan an. Prizonnye ap gen omwen 24 è anvan jijman an pou l prepare defans li, sofsi prizonnye a chwazi li pa bezwen 24 èdtan yo. Si prizonnye a chwazi li pa bezwen obligasyon an, fòk li ekri dou pape ak siyati prizonnye a. Lapolis la gen pou gen nòt prizonnye a tou nan bon bwat dosye disiplinè a lè ak jou dokiman an siyen.
 4. Yon fwa envestigasyon an fini, lapolis k ap fè envestigasyon an gen pou l ranpli bon seksyon dosye

disiplinè a epi remèt rapò a bay koòdinatè disiplin prizonye, oswa yon reprezantan li, nan prizon an.

C. Jijman disiplinè, dekouvèt ak aksyon :

1. Yon komite disiplin san patipri oswa reprezantan revizyon jijman an, jan kòmandan divizyon an detèminen, gen pou l òganize yon jijman pou deside sou enfraksyon an. Nenpòt manm komite disiplinè a oswa nenpòt moun ki manm nan komite disiplinè a ap diskalifye si li patisipe nan ka a kont prizonye a oswa envestige enfraksyon an.
2. Dekouvèt komite disiplinè a oswa ofisyèl tribinal la gen pou li eksplike tout enfòmasyon nan dosye disiplinè a, envestigasyon, oswa deklarasyon temwen an e ki evidans espesifik te itilize nan konklizyon ekrip disiplinè a oswa ofisyèl tribinal la.
3. Komite disiplinè a oswa ofisyèl jijman revizyon an ka deside ranvwaye oswa kontinye jijman an pi lontan pase tan etabli pandan yon peryòd rezonab oswa pou bon rezon. Rezon pou otorize yon ranvwa oswa yon pwolongasyon ka gen omwen:
 - a. Preparasyon yon defans nan yon peryòd tan rezonab ke komite a aksepte
 - b. Maladi
 - c. Prizonye a pa disponib
 - d. Envestigasyon siplemantè sou enfòmasyon enpòtan ki asosye ak jijman an
4. Lè gen yon jijman disiplinè, jij la, prezidan an oswa majorite manm yo ap gen otorite :
 - a. Mande pwodiksyon dokiman oswa rele temwen yo.
 - b. Revize demann prizonye a pou èd, pou temwen prizonye a mande oswa tout evidans yo ta renmen prezante. Demann pou temwen ap refize si li ta yon risk pinisyon, destabilize otorite yo oswa prezante yon danje pou sekirite prizon an. Nou p ap rele temwen si l aparman temwayaj sa p ap enpòtan pou ka a, san konsekans pou ka a oswa yon repetisyon. Fèk pou gen notifikasyon nan dosye a ap rezon pou refize rele temwen ki mande yo oswa pou limite yon enfòmasyon.
 - c. Pou ofri yon anlwaye prizon an ede prizonye a pandan jijman an lè prizonye a iletre, gen pwoblèm kominike an angle oswa li aparman konplikasyon sitiwayon an fè l ap difisil pou prizonye a ka byen reprezante tèt li. Reprezantan jijman disiplinè a oswa komite a ap

egzije dekoròm apwopriye a pandan tout jijman disiplinè a.

5. Prizonye akize yon enfraksyon règ fèt pou li gen dwa sa yo nan jijman disiplinè a:
 - a. Yon prizonye ki akize ak yon enfraksyon règ fèt pou l prezan nan jijman an sofsi li renonse, alekri, dwa li genyen pou l nan jijman an, refize prezan nan jijman an, oswa konpòtman li pandan jijman an fè ke yo pa kite prezan : se pou dokimante absans yon prizonye nan yon odyans ansanm ak rezon absans li.
 - b. Gen opòtinite pou fè yon deklarasyon e prezante evidans dokimantè nan jijman an.
 - c. Pou fè demann temwen nan plas yo, ki ka gen limit sou kantite a dapre komite jijman disiplinè a oswa reprezantan jijman lè pou prezante evidans lan, se yon enfòmasyon kimilatif drakonyen. Eksplikasyon pou refize yon temwen ap alekri.
 - d. Prizonye a ap resevwa yon kopi desizyon alekri a.
 - e. Tan pase nan enkaserasyon disiplinè a ap konparab ak enfraksyon an men li p ap plis pase 30 jou apre enfraksyon an.
 - f. Prizonye a ap gen dwa pou mennen desizyon reprezantan jijman an oswa komite an nan kou dapèl devan majò a. Se majò a ki gen desizyon final la.
 - g. Tout etap pwosede disiplinè a ap anrejistre nan dosye alekri. Toutfwa, si prizonye a pa koupab, dosye disiplinè a ap gen enfòmasyon sa a ladann e li p ap rete nan dosye prizonye a.
 - h. Desizyon ap baze, sèlman, sou prèv ki prezante nan jijman an, e l ap gen yon deklarasyon sou rezon desizyon an ak prèv ki te itilize.
6. Reprezantan jijman an oswa komite jijman disiplinè a ap responsab pou l ranpli pòsyon « jijman » an nan dosye disiplinè a , ansanm ak non oswa temwen ki te rele epi tout restriksyon kont prizonye a pandan jijman an atout rezon pou restriksyon yo.
7. Pi plis dekouvèt ak rekòmandasyon komite jijman disiplinè a oubyen reprezantan jijman gen pou satisfè machasyiv sa yo :
 - a. Yon fwa jijman an fini, reprezantan jijman an oswa manm komite a, ki delibere an sekre, ap detèminen legalite akizasyon yo e detèminen ki

- sanksyon ap enpoze si yo detèmine prizonnye a koupab. Desizyon ap baze, sèlman, sou enfòmasyon prezante nan pwosede jijman an, asanm ak dosye anplwaye yo, deklarasyon prizonnye ki akize a, epi prèv temwen ak dokiman founi.
- b. Rekòmandasyon pou disiplin p ap abitè, p ap enpilsif, p ap yon metòd retribizyon oswa vanjans. Li entèdi pou gen pinisyon kòporèl.
 - c. Reprezantan jijman an oswa prezidan an ap anonse dekouvèt yo e ap rekòmande sanksyon pou prizonnye a e l ap anrejistre yo, ansanm ak rezon pou desizyon an ak prèv itilize, nan pòsyon « jijman » nan dosye disiplinè a.
 - d. Si prizonnye a deklare koupab, reprezantan jijman an oswa prezidan an ap anonse prizonnye a dwa li gen pou li mennen ka a nan kou dapèl.
8. Reprezantan jijman an oswa komite disiplinè a gen pou l deklare youn nan sa yo :
- a. Rejte akizasyon an. Si akizasyon an rejte, dosye disiplinè a p ap plase nan dosye prizonnye a. Dosye disiplinè a ki rejte ka fèt si gen erè nan pwosesis la, erè teknik oswa menm akizasyon miltip. Yon akizasyon san prejdis e ka ekri ankò oswa pwosede ankò nan menm kantite tan ak nouvo akizasyon yo.
 - b. Pa koupab. Si prizonnye a pa deklare koupab, dosye disiplinè a p ap plase nan dosye prizonnye a. Prizonnye a p ap detèminen koupab lè prèv yo pa sipòte akizasyon an.
 - c. Yon deklarasyon alekri ki montre ki prèv komite / ofisye odyans lan gen pou yo gen yon desizyon koupab.
9. Tout aksyon disiplinè (eksepte pèt tan lib) ap enpoze ak nenpòt lòt aksyon disiplinè fèt pou byen eksplike nan dosye disiplinè a parapò ak obligasyon konkouran oswa konsekitif. Si ekip disiplinè a oswa reprezantan jijman an pa prezize si obligasyon yo konkouran oswa konsekitif, n ap konsidere aksyon disiplinè a tankou yon aksyon konsekitif. Pèt tan lib p ap konkouran ak okenn lòt pèt tan lib e l ap kimilatif.
10. Si prizonnye a deklare koupab, komite disiplinè a oswa reprezantan jijman an ap enpoze nenpòt yon sèl aksyon oswa kobinezon aksyon sa yo :
- a. Restriksyon nan oswa aksè altènatif nan, rekreyasyon, vizit, sèvis relijye, privilèj telefòn

ak moun ki pa avoka k ap reprezante w, e bibliyotèk legal pandan yon peryòd ki p ap depase 60 jou. Sanksyon sa yo ka enpoze sèlman lè gen ase rezon pou fè sa, oswa lè enfraksyon an rive nan aktivite sa a.

b. Sispann tout lòt privilèj pandan yon peryòd tan ki pa ka plis pase :

- 1) 30 jou pou yon enfraksyon kategori I
- 2) 20 jou pou yon enfraksyon kategori II
- 3) 10 jou pou yon enfraksyon kategori III
- 4) 5 jou pou yon enfraksyon kategori IV

c. Konfiske pwopriyete (ki gen pou wè ak enfraksyon an)

d. Detèminen kijan pou jete kontrebann.

e. Oblije prizonye yo peye pou pwopriyete ki domaje, detyi oubyen zafè oubyen machandiz ki pa apwopriye, kèlkeswa P.B.S.O oubyen pèsònèl.

1) Si de oswa pliz prizonye deklare koubpab pou responsabilite pèt oswa destriksyon yon bagay, yo chak ap responsab pou tout valè li. Toutfwa, montan total ki rasanble p ap depase montan valè ki te pèdi a.

2) Peman pou pwopriyete domaje, detyi oswa volè ap nan valè ranplasman li epi prizonye oubyen frè travay anplwaye pa p ladan l. Toutfwa, frè travay andeyò ka pou peye si domaj la se rezilta yon zak destriksyon ekspres. Nan sitiyasyon sa, dokimantasyon an ap plase nan dosye prizonye a ak detay frè a. Total fakti frè a ap distribiye bay prizonye a e kopi ak dosye disiplinè a.

3) Si yon prizonye pa gen ase lajan pou l peye reparasyon oswa frè reparasyon yo, ap gen yon nòt nan kontanbank prizonye a pou peman pi ta. Si prizonye a janm resevwa lajan pandan li prizon an oswa pandan obligasyon konsekitif kontini, biwo cherif la ap peye anvan distribisyon lajan bay prizonye a.

4) Frè sèvis medikal ki se rezilta blesi pa ka enpoze.

- f. Rekòmande pèt tan lib ou akimile jis nan penalite maksimòm la :
- 1) 15 jou pou enfraksyon kategori I
 - 2) 10 jou pou yon enfraksyon kategori II
 - 3) 5 jou pou yon enfraksyon kategori III
 - 4) 1 jou pou yon enfraksyon kategori IV
 - 5) Jeneralman, « tan lib akimile pou endistri eksepsyonèl » ap anile sofsi li presize si se « tan lib akimile pou bon konpòtman ». Ap gen yon kantite jou rekòmande espesifik pou anilasyon an. Nenpòt lè pèt tan akimile rekòmande, fòk yo gen yon detèminasyon ke prizonye a akimile ase tan lib pou l pèdi tan akimile a.
 - 6) Pou chak enfraksyon sove, oswa eseye sove, move konpòtman oswa lòt enfraksyon kategori #1, tout komitasyon akimile an favè yon prizonye konte a jis nan jou sa a ap anile, eksepte nan ka yon sove si prizonye tounen volontèman san li pa koute leta oswa konte a anye alò tan anile a ap mete sou koute si nan jijman an konpòtman prizonye a pèmèt li sa.
 - 7) Tout oswa nenpòt pati nan tan lib yon prizonye konte a akimile ak nenpòt tan lib sipleman tè akimil pèmèt li, si genyen, ap viktim anilasyon pou enfraksyon nenpòt lwa leta oubyen nenpòt règ oswa règleman prizon an.
- g. Elimine nan yon lòt plasman travay (koòdone ak klasman.)
- h. Plasman nan lòt lojman (koòdone ak klasifikasyon)
- i. Elimine prizonye ki lage ak sipèvizyon nan kominote a (House Arrest, Work Release) nan pwogram lan epi plase yo nan yon prizon espesifik (koòdone ak klasifikasyon epi sipèvizyon altènatif).
- j. Mete prizonye a nan enkasasyon limite disiplinè.
- 1) Peryòd tan sa a pa ka plis pase penalite maksimòm pou enfraksyon ki make la.
 - a) 30 jou pou yon enfraksyon kategori I

- b) 20 jou pou yon enfraksyon kategori II
 - c) 10 jou pou yon enfraksyon kategori III
- 2) Enkaserasyon limite disiplinè ap itilize sèlman si pa gen lòt solisyon. Tan yon prizonye pase nan enkaserasyon limite disiplinè ap egal ak enfraksyon li fè a.
 - 3) Pou rezon sanksyon enkaserasyon limite disiplinè, yon jou vle di yon peryòd 24 è apatide lè prizonye a plase nan enkaserasyon limite disiplinè.
 - 4) Sanksyon nan prizon maksimòm pou enfraksyon règ yo pa pa plis pase 60 jou pou tout enfraksyon lè sa a. Enkaserasyon disiplin limite kontini pandan plis pase 30 jou mande pou komandan divizyon an oswa reprezantan li revize li epi bay otorizasyon li.
 - 5) Prizonye ki plase nan enkaserasyon limite disiplinè deklare koupab enfraksyon règ yo ki koze danje dirèk pou sekirite prizon an. Pinisyon pou nenpòt peryòd prizon disiplinè tankou pa resevwa jounal, kantin (eksepte sèl pou bagay ijyènik), sèvis bibliyotèk (liv pou lekti distribye nan depatman izolasyon), epi koutfil pèsònèl. Rekreyasyon ak vizit ka gen limit si prizonye a ka yon gwo menas pou anplwaye oubyen ka fè enfraksyon sou sa ki konsène rekreyasyon ak vizit. Privilèj telefòn se koutfil asosye epsesyalman ak aksè nan pwosede jidisyè a epi ak ijans familyal, jan kòmandan divizyon an oswa chaplan an detèminen.
11. Sanksyon sa yo entèdi e yo pa ka enpoze pou disiplin :
- a. Nenpòt fòm restriksyon manje oswa nitrisyon, oswa itilizasyon manje oswa repa pou pinisyon.
 - b. Nenpòt fòm pinisyon kòporè oswa pa nòmal.
 - c. Nenpòt fòm disiplin yon lòt prizonye enpoze.
 - d. Mank vètman, dwa oswa bagay swen ijyèn pèsònèl nesèsè. (Valab pou prizonye ki detiy bagay sa yo oswa ki itilize yo pou yo sa blese

swa lemwa oswa lòt. Nan sitiyasyon konsa, komandan divizyon an osnon reprezantan li ap avize e desizyon konfiske bagay yo e sitiyasyon an ap egzaminen nan entèval 24 è men pa plis pase sa).

e. Sèvi ak jouk pou pinisyon.

f. Nenpòt fòm entèferans ak fonksyon chak jou pou viv oswa bezwen ijyenik, tankou dòmi oswa itilize twalèt.

12. Si yon prizonye plase nan enkaserasyon limite administratif kwak 1 ap tann yon jijman disiplinè e komite a rekòmande yon tèm enkaserasyon limite disiplinè, komite disiplinè a ap konsidere tan li sèvi nan enkaserasyon limite administratif nan detèminasyon kantite jou total nan enkaserasyon limite disiplinè rekòmande.

13. Prizonye ki nan enkaserasyon limite disiplinè pandan plis pase 60 jou ap gen omwen dwa : sèvis edikasyon, sèvis komisè, sèvis bibliyotèk, sèvis sosyal, sèvis konsèy, sèvis relijye, privilèj telefòn ak pwogram rekreyasyon.

D. Revizyon komandan divizyon an : Komandan divizyon an oswa reprezantan li ap egzaminen dosye jijman disiplinè a pou ka :

1. Garanti reprezantan jijman an oswa komite jijman disiplinè a, atout jijman an, syiv machasyiv ak pwosesis yo.

2. Akò oswa rediksyon sanksyon disiplinè, si genyen. Komandan divizyon an, oswa reprezantan li, pa ka ogmante sanksyon komite a rekòmande.

E. Avi alekri : Koòdinatè disiplin lan oswa reprezantan li pou prizonye a founi prizonye a yon kopi dosye disiplinè konplè a.

F. Dosye jijman an : Dosye disiplinè a, jijman disiplinè ak dokiman prèv se yon dosye pwosede disiplinè a. Yon kopi dosye a ap nan dosye klasifikasyon prizonye a si li deklare koupab. Dosye sa a ap la pandan omwen senk (5) ane.

G. Kou dapèl : Prizonye ka mennen tout desizyon reprezantan jijman an oswa komite jijman disiplinè a ka ale nan kou dapèl bay majè a oubyen reprezantan an. Men enfòmasyon sou kijan pou mennen nan kou dapèl :

1. Fòk demann apèl la fèt nan lespas senk (5) jou, eksepte wikenn ak jou konje, depi dat komandan divizyon an otorize oswa chanje sanksyon yo. Prizonye ki remèt fòmilè reklamasyon prizonye a ap fè apèl la.

2. Majò a oswa reprezantan li ap konsidere valè apèl la baze sou kritè sa yo :

a. Èske te gen ase prèv pou bay enfraksyon an/yo janmdefòs ?

- b. Èske te gen obsèvasyon machasyiv ak pwosesis yo ?
 - c. Èske sanksyon te enpoze dapre enfraksyon an ?
3. Majò oswa reprezantan an ap swa aksepte oswa rejte desizyon an epi bay prizonye a yon repons nan lespas senk (5) jou (eksepte wikenn ak jou konje) reklamasyon prizonye a (apèl) resevwa nan biwo koòdinatè reklamasyon an epi apre li anrejistre.
 4. Se majò a oswa reprezantan an ki gen desizyon final la.

I. ENFÒMASYON SOU ATAK SEKSYÈL

I-1. ATAK SEKSYÈL

Anba 2003 Lwa sou Eliminasyon Vyòl nan Prizon (PREA), Depatman Koreksyon Biwo cherif Konte Palm Beach la angaje nan konsantre sou zewo tolerans sou zafè abi seksyèl / asèlman prizonye yo, swa pa anlwaye oswa lòt prizonye. Tout rapò abi seksyèl/asèlman yo envestige san pèdi tan e delenkan yo ap mennen pa devan lajistis. Kòmandan Devlopman Pèsonèl ak Nòm yo chwazi kòm Koòdonatè PREA a.

Abi seksyèl se yon aksyon san konsantman ki fèt ak presyon nan menas oubyen britalite. Li vle di kontak ant bouch ak pijon, bouch vajen oubyen anis ; penetrasyon nan ouvèti jenital oubyen anal yon lòt moun, kèlkeswa si se yon ti kras, avèk men, dwèt oubyen lòt objè oubyen lòt enstriman. Li vle di tou manyen ekspres, swa dirèk oswa sou rad, jenital, anis, lenn, andedan kwis oubyen dèyè yon lòt moun, ikonpri pa aksidan nan yon goumen. Sa pa enkli yon bòn zak (bona fide) pou rezon medikal.

Atak seksyèl/asèlman afekte tout moun, swa dirèkteman oswa atravè esperyans yon moun nou renmen anpil. Se pa yon pwoblèm sèlman fanm genyen, li ka afekte nenpòt moun kèlkeswa sèks, laj, ras, gwoup etnik, pozisyon sosyo-ekonomik, preferans seksyèl, oubyen andikap moun lan.

PBSO ap sèvi ak enfòmasyon ou bay lè w te vini a pou enfòmasyon an ede n nan plasman nan bon kaz. Objektif nou se pou n separe prizonye ki ta gen chans pou yo viktim abi seksyèl nan men lòt ki ta kapab fè abi seksyèl. Plasman ak pwofesyon pwogramasyon pou chak masisi, madivin, bi-seksyèl, “transgender”, “intersex”, oswa prizonye ki pa konfòme yo a sèks yo te fèt la “gender nonconforming” (GLBTIG) yo ap konsidere sou yon baz endividyel. Nou ap bay yon bon jan konsiderasyon a tout opinyon pèsonel nenpòt prizonye GLBTIG ki gen rapò ak sekirite li.

I-2. POU EVITE YON ATAK SEKSYÈL

Sèl fason yon atak seksyèl ka anpeche se lè yon moun ki ka vyole yon lòt moun chwazi pou li PA vyole lòt moun lan. Toutfwà, ou ka evite viktim yon atak si w pa bliye konsèy sa yo :

- Prete atansyon a sitiyasyon ki fè w enkonfòtab. Koute entyisyon ou a. Si w pa alè nan yon sitiyasyon, **KITE**, pa rete.
- Pa kite konpòteman ou anpeche w rete an sekirite. Pa pè di « **NON** » oubyen « **SISPANN KOULYE LA** ».
- Mache epi kanpe dwat ak anpil konfidans. Anpil moun ki agrese moun chwazi viktim ki bay lenpreseyon yo p ap goumen oubyen yo parèt pou yo gen feblès emosyonèl.
- Evite patisipe nan konvèsasyon sou sèks epi evite pwomennen toutouni. Yo ka konsidere bagay sa yo tankou yon avans, oubyen ka fè lòt prizonye yo panse ke w vle yon relasyon seksyèl.
- Pa aksepte atik ekonomat oubyen lòt kado nan men lòt prizonye. Yon fwa ou dwe yon lòt prizonye sa ka mete w nan pozisyon kote lòt prizonye a ka mande pou w repeye dèt la ak aksyon seksyèl.
- Evite zòn kote pa gen moun. Toujou rete nan anplasman kote anplwaye yo ka wè ou. Si yon moun mete presyon sou ou pou w ofri sèks, fè yon rapò tousyit bay yon anplwaye.

I-3. KISA POU FÈ SI YON MOUN VYOLE W

- Ale yon kote ki an sekirite. San pèdi tan rapòte **ATAK LA BAY NENPÒT MANM PÈSONÈL LA**.
- Ajans lan entèdi tout aksyon disiplinè pou rapò sou yon abi seksyèl ki fèt ak tout bònfw a dapre yon kwayans rezonab sou konpòtman ki swadizan te rive, menmsi yon ankèt pa tabli ase prèv pou jistifye akizasyon an.
- Plis ou rete tann pou fè rapò a pi plis li ap difisil pou yo jwenn prèv nesèsè pou yon ankèt kriminel ak / oswa administratif.
- Ou ka gen gwo pwoblèm ou pa rekonèt, e nenpòt ki kontak seksyèl ka espoze w a maladi transmisib seksyèlman. Wap resevwa swen medikal imedyatman.
- Pa manje, bwè, chanje rad, lave, benyen, pran yon douch, rense bouch ou, bwose dan w, pipi, oswa pou pou jouk yon espesyalis mediko-legal egzamine w. Nenpòt nan bagay sa yo ka detwi prèv enpòtan.
- Si ou se yon viktim oswa ou temwen yon atak, men ou menm ou pa ta vle fè rapò a bay yon anplwaye, ou kapab bay enfòmasyon an ba:
 1. Yon Pè
 2. Avoka w oswa defansè piblik
 3. Nenpòt ki anplwaye swen santé medikal oswa mantal
 Oswa ou kapab soumèt:
 1. Yon fòm demann pou prizonye oswa yon lèt
 2. Yon Plent
 Ou kapab rele Liy Dirèk pou kriz vyòl ki louvri 24 è sou 24 gratis sou sistèm telefòn prizonye yo an kòmansan pa chwazi lang ki kòrèk la, epi

aprè, peze chwa 'collect' la, epi an dènye konpoze 7777, ki pral konekte w dirèkteman a seksyon an.

- W ap resevwa yon egzamen mediko-legal epi yo va refere w ba yon konseye dwa victim.
- Ou pral resevwa swen adisyonèl medikal ak mantal pandan ke w nan prizon an. Ou kapab mande tou pou wè yon founisè swen sante mantal a nenpòt ki lè ou ta santi ou bezwen li.
- Pa gen ankenn frè ki asosye ak swen ke yap ba ou pou swadizan atak sa a.

I-4. ENFÒMASYON POU PRIZONYE KI VYOLE LÒT PRIZONYE

- Dapre lalwa Florida, w ap gen yon akizasyon kriminèl. W ap resevwa yon dosye sou disiplin. Si w deklare koupab, pinisyon yo ap serye.
- Yo va revise nivo sipèvizyon ou an ankò e yo kapab ogmante li, sa kapab enkli yon transfè nan yon nivo sekirite ki pi wo oswa yon inite ak mwens libète ak limit nan privilèj yo.
- Istwa etablisman ou ak ajisteman lojman ap rete sou dosye a, e pral enfluyanse nenpòt lòt chwa lojman nan yon etablisman PBSO.
- Si w gen fanmi, kijan sa pral afekte yo e/oubyen kijan l ap afekte abilite yo pou yo vin rann ou vizit ?

I-5. SI W GEN PWOBLÈM KONTWOLE AKSYON W YO

- Chèche èd nan men anplwaye swen sante mantal yo.
- Reflech pou wè si lap yon bon lide pou ou patisipe nan pwogram kreye pou kontwole kolè oubyen dimininye estrès.

I-6. POU REDYI SANTIMAN KOLÈ OUBYEN AGRESYON IMEDYA

- Chache jwen èd nan men yon anplwaye ki okipe bay Swen Sante Mantal oswa yon manm legliz.
- Eseye pale ak yon zanmi oubyen ekri yon lèt bay yon zanmi.
- Fè meditasyon oubyen egzèsis respiratwa pou ede w rilaks.
- Konsantre sou yon bagay ou renmen fè, oubyen kòmanse fè egzèsis.

I-7. ÈSKE W KONNEN

- Vyòl ka rive nenpòt fanm tankou gason kèlkeswa laj moun lan, depi tibene jis nan veyès.
- 98% nan gason ki vyole jèn gason di yo etewoseksyèl. Pifò nan gason ki atake gason ak fanm marye oubyen yo di yo gen menaj fi.
- Vyòl pa gen anyen pou wè ak oryantasyon sèksyèl viktim lan kounye la a oubyen nan lavni. Viktim ka swa etewoseksyèl oubyen omoseksyèl.

- Yon moun ki siviv pa responsab la pou vyòl la, menm si li te nan yon zòn dezètik, oubyen moun lan te bay moun ki te atake li konsantiman pou yon rapò seksyèl anvan atak la.
- Paske yon gason ki viktim yon vyòl ejakile oubyen bande pa vle di li pat vyole oubyen ke yo te konsanti pou aksyon seksyèl la. Reyaksyon sa yo se reyaksyon fizyolojik nòmal ki rive envolontèman.
- Li nòmal pou moun ki siviv vyòl gen santiman jèn, kolè, kilpabilite, panik, depresyon ak lapè menm pandan plizyè mwa oubyen ane apre atak la. Lòt reyaksyon nòmal ka pèdi apeti, lawouli oubyen mal vant, mal tèt, pèt memwa ak/oubyen twoub pou konsantre ak chanjman nan abitud nan dòmi.

J. PA FÒ NAN ANGLÈ

J-1. RÈGLEMEN SOU MOUN KI PA FÒ NAN ANGLÈ (LEP)

Depatman koreksyon nan biwo cherif Palm Beach County a (PBSO DOC) ofri prizonye ki pa fò nan anglè (LEP) (ak moun yo kenbe) epi manm piblik la (ak paran LEP timoun minè ke DOC kenbe), aksè nan enfòmasyon, dwa ak sèvis ki enpòtan. Moun LEP vle di moun ki gen lòt lang manman pase anglè epi ki pa twò byen li, ekri, pale epi konprann anglè. Prizonye LEP ap gen pou yo byen patisipe epi tou y ap gen pou yo resevwa, nan lang yo pale, kominikasyon sou pwosede, pwogram ak sèvis enpòtan ; avètisman sou dwa ak responsablite ; pwosede ak aksyon pou disiplin ; sèvis ak demann pou swen medikal ak swen mantal ; ajistman pou relijyon, enfimite ak lòt ajistman, ak sistèm demann prizonye a. DOC la pa pran revanch ak prizonye epi ak piblik la poutèt yo fè demann pou èd nan lang etranje, epi DOC ankouraje epi fòme anplwaye yo pou garanti yo ka byen kominike ak moun ki LEP.



* Callers will remain anonymous. Up to \$1000 REWARD for information leading to the seizure of a firearm and an arrest.

1-800-458-TIPS

BAD GUYS/BAD GUNS - Crime Stoppers of Palm Beach County, Inc. Resevwa lajan kach pou enfòmasyon sou krim ak zam. Enfòmasyon moun ki rele a ap anonim. Gen REKONPANS \$1,000.00 maksimòm pou enfòmasyon ki ede pran yon zam epi arete yon moun. 1-800-458-TIPS